ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№95 (25.001) • 2026 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 8, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

**КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущiапiэм къызэритамкIэ**

# ЩIыналъэм еджапIэщIэ къыщызэIуах



**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ КъБР-м щыIэ МВД-м и министр Крючков Вячеславрэ Урысейм и МВД-м и Кавказ-Ищхъэрэ институтым и унафэщIым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Сапронов Юрийрэ.**

Фигу къэдгъэкIыжынщи, УФ-м и Правительствэм и Унафэщl Мишустин Михаил республикэм и щIыналъэм федеральнэ къэрал еджапIэ къыщызэгъэпэщыным теухуа унафэм мэкъуауэгъуэм Iэ щIидзащ.

Iуэхущiапiэм студентхэр щрагъэджэнущ курыт IэщIагъэ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт программэхэмкIэ, щIэныгъэ лэжьыгъэхэри щрагъэкIуэкIыну я мурадщ.

Сапронов Юрий Урысейм и МВД-м Омск щиIэ юридическэ институтыр къиухащ, юридическэ щIэныгъэхэмкIэ кандидатщ, криминологие, уголовнэ IуэхухэмкIэ щIэныгъэ, егъэджэныгъэ-методикэ лэжьыгъэу 50-м щIигъу игъэхьэзыращ, «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и етIуанэ нагъыщэр, нэгъуэщI къэрал дамыгъэ лъапIэхэри къыхуагъэфэщащ.

КIуэкIуэ Казбек егъэджэныгъэ IуэхущIапIэщIэм и унафэщIым и IэнатIэм ехъулIэныгъэхэр щиIэну ехъуэхъуащ. «Шэч къытесхьэркъым апхуэдэ еджапIэ къызэIухыныр ди республикэм и щIалэгъуалэм IэщIагъэ зрагъэгъуэтынымкIэ, я щхьэ Iуэху зэрахуэжынымкIэ иджыри зы IэмалыфI зэрыхъунум», - жиIащ щIыналъэм и Iэтащхьэм.

# ЗэрагъэзащIэм кIэлъоплъ

**КIэрыхубжьэрыху быдэхэм (ТКО) щIыналъэхэр зэрелэжьыну щIыкIэм теухуа зэIущIэм КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек видеозэпыщIэныгъэкIэ хэтащ. Ар иригъэкIуэкIащ УФ-м щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министр Козлов Александр.**

ИДЖЫПСТУ щытыкIэр зэрыщытым нэмыщI, зэIущIэм щытепсэлъыхьащ кIэрыхубжьэрыху быдэхэр зэрызэхуахьэсыпхъэ мардэм, абы епха инфраструктурэм зегъэужьын, цIыхубэр зыщIэупщIэхэм жэуап етын зэрыхуейм.

«Ди республикэм мы лъэныкъуэмкIэ лэжьыгъэр зэрыщекIуэкIыр зэрыщыту дохъуэж, - щетх КIуэкIуэ Казбек и напэкIуэцIым. – КIэрыхубжьэрыхухэр щызэхуахьэс щIыпIэхэм лэжьакIуэхэмрэ техникэмрэ етшэлIащ, ухуэныгъэм, гъуэгум елэжьхэм е нэгъуэщI IуэхущIапIэхэм къитшри. ФIыщIэ яхудощI къызэрыддаIыгъам папщIэ. ЩIыналъэм и операторыр «Экотехпром» IуэхущIапIэрщ.

Зэман кIэщIым къриубыдэу абы зэригъэпэщащ транспорт хэха 40-рэ бункер 50-рэ. Иджыри 13 къытIэрыхьэным дыпоплъэ. А лэжьыгъэм пытщэнущ.

КъинэмыщIауэ, пхъэнкIиилъэ 528-рэ къащэхуащ, зэхуэхьэсыпIэ 34-рэ щIэуэ зэрагъэпэщащ, 10-р зыхуей хуагъэзащ. ЩIыналъэм псори зэхэту пхъэнкIий идзыпIэ 5190-рэ щыIэщ, кIэрыхубжьэрыхухэр зрадзэ 9443-рэ ятегуэшауэ. Мы гъэм иджыри 50 къыхагъэхъуэнущ, щыIэхэр зэрагъэпэщыжынущ.

ИджыпстукIэ «Экотехпром» IуэхущIапIэр районхэм ядолажьэ, кIэрыхубжьэрыху быдэхэр зэрыдашыну щIыкIэм, пIалъэхэр, хабзэр зэрызэфIэхыпхъэм теухуауэ хэкIыпIэщIэхэр къалъыхъуэ. Псалъэм папщIэ, «Республикэ шынагъуэншэ» IуэхущIапIэм и гъусэу, пхъэнкIий идзыпIи 6-м видеокIэ укIэлъыплъу ящIащ, иджыри 80-м апхуэдэхэр щагъэувынущ.

А Iуэхум фIы къызэрыдэкIуам и щыхьэтщ цIыхухэр кIэрыхубжьэрыху быдэхэр здыхыфIамыдзапхъэм зэрыщыхыфIадзэм теухуауэ нэхъ мащIэрэ зэрытхьэусыхэр, апхуэдэ хъыбархэм я бжыгъэр процент 50-кIэ зэрыхэщIар. А псом къадэкIуэу, дызэлэжьыпхъэри мащIэкъым. Мы лъэныкъуэмкIэ зыхуэдгъэувыжа мурадхэмрэ къалэнхэмрэ зэрагъэзащIэм сыкIэлъоплъ».

**«Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыхъужьхэр» программэм ипкъ иткIэ щIэныгъэ зэзыгъэгъуэтахэм яхуэзащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.**

# ЛIыхъужьхэм щIэныгъэ зрагъэгъуэт

УФ-м и Президент Путин Владимир къызэрыхилъхьам тету, КIуэкIуэ Казбек 2025 гъэм и щIышылэм къиштауэ щытащ мы программэм епха унафэр. Иджыпсту проектыр и кIэм нос. Дзэ Iуэху хэхам хэта ветеран 31-м къахуэна экзаменхэр гъунэгъу махуэхэм ятынурэ, аттестацэм лъабжьэ хуэхъуа лэжьыгъэхэр пхагъэкIынущ.

«Шэч къытесхьэркъым ди лIыхъужьхэм ар зэрахузэфIэкIынум, ехъулIэныгъэ яIэу къаухыну сохъуэхъу, - етх Iэтащхьэм. - ЩIалэхэр «Къэрал, муниципальнэ унафэ зехьэкIэ» программэхэмкIэ ирагъэджащ. Къэрал политикэм, экономикэм, унафэ, мылъку зехьэкIэм, муниципалитетхэм зэрыщылэжьэнум, Iэмэпсымэщlэхэр къызэрагъэщхьэпэнум ирагъэсащ. Мыбыхэм ядэлэжьащ къэралым и эксперт-егъэджакIуэ 70-м нэс. Мэкъумэшымрэ промышленностымрэ епха IуэхущIапIэхэр ирагъэлъэгъуащ, социальнэ къудамэм щагъэгъуэзащ».

ЗэIущIэм хэтахэр Iэтащхьэм дэгуэшащ программэр къазэрыщыхъуамкIэ, езыхэм къайхъулIамкIэ. «Абыхэм я нэхъыбэм дзэ Iуэху хэхам ягъэзэжынурэ, адэкIэ къулыкъу ирахьэкIынущ. Дэтхэнэ зыми къэралым папщIэ нэхъыфI дыдэу хузэфIэкIынур ищIащ, ар ихъумэныр къызэрыхихамкIэ. Шэч къытесхьэркъым ТекIуэныгъэм дызэрыхуэкIуэм, - пещэ КIуэкIуэ Казбек и гупсысэм. - Мы щIалэхэм я зэфIэкIыр дяпэкIэ республикэм къыщыдэтх Iуэхухэм къыщыдгъэсэбэпыну Iэмал диIэнущ, дауи. ФIыщIэ гуапэ яхузощI абыхэм я мурадыр къайхъулIэнымкIэ ядэIэпыкъуа «Эльбрус» корпоратив университетым, Президент платформэм, РАНХиГС-м къэрал управленэмкIэ и школ нэхъыщхьэм, «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и къудамэу КъБР-м щыIэм я лэжьакIуэхэм».

# Узыншагъэр хъумэным теухуат

**Республикэм и цIыхухэм сытым щыгъуи мыхьэнэшхуэ зратхэм ящыщщ узыншагъэр хъумэным теухуа Iуэхухэр. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ ЩIыналъэм унафэр щызегъэкIуэнымкIэ центрым (ЦУР) и унафэщI КIэдыкIуей Мадинэрэ я зэпсэлъэныгъэри аращ зытеухуауэ щытар.**

ИНТЕРВЬЮМ и гугъу щащIащ узыншагъэр хъумэнымкIэ IуэхущIапIэхэр къэгъэщIэрэщIэжыным, зегъэужьыным, медицинэ дэIэпыкъуныгъэм и фIагъым хэгъэхъуэным, IэнатIэхэр иджырей IэмэпсымэхэмкIэ, IэщIагъэлIхэмкIэ къызэгъэпэщыным ехьэлIа Iуэхухэм.

Республикэм и Iэтащхьэр тепсэлъыхьащ лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ зэрагъэзащIэм, апхуэдэуи къигъэлъэгъуащ зэман гъунэгъум къапэщыт къалэн нэхъыщхьэхэр.

Гулъытэ щхьэхуэ хуащIащ технологие лъагэхэр зи лъабжьэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ цIыхухэм етыным, узыфэхэр и чэзум къэхутэным, сымаджэхэми дохутырхэми тыншыпIэхэр къахузэгъэпэщыным.



Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТекIуэныгъэ лъагъуэхэмкIэ

4-нэ нап.



АдыгэщIым и макъыр зэхыдох

9-нэ нап.



ХъугъуэфIыгъуэ къудым я гъэтIылъыпIэ

10-нэ нап.




11-нэ нап.



Темыркъаным и пшыхьхэр

12-нэ нап.

# ЗыплъыхьакIуэхэм яфIэфIу къыхах

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Iущlащ республикэм курортхэмрэ туризмэмкIэ и министр Быф Аскэр. Ахэр тепсэлъыхьащ IэнатIэм и Iуэху зыIутхэм.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и курортхэр къыхах зыплъыхьакIуэ къэзыкIухьыну зыфIэфI куэдым икIи абыхэм я бжыгъэм къыхэхъуэ зэпытщ.

Апхуэдэу щытми, зэIущIэм къызэрыщыхагъэщащи, щIыуэпсым ехьэлIауэ республикэм иIэ дахагъэхэм, щIыпIэ телъыджэхэм, бгым лыжэкIэ къежэхыным пщIа Iуэхухэм зегъэужьыным, къуршхэм дэкIыным, къытхуэкIуэхэр зыщIэсынкIэ, зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ къызэгъэпэщыным, хьэщIагъэ ехьыным я закъуэкъым гулъытэ зыгъуэтыпхъэр. Щхьэхуэу елэжьын хуейщ цIыхухэр дэзыхьэхын, Iуэху хэхахэм епха туризмэм зегъэужьынми.

Дызэрыт илъэсым и кIэ пщIондэ ирагъэкIуэкIыну программэ къулей зэхалъхьащ, шыщхьэуIу - фокIадэ мазэхэм я закъуэ зэхыхьэшхуэу 11 къызэрагъэпэщыну яубзыхуащ. Абыхэм ящыщщ «Elbrus Wild Trail» къызэдэжэ зыхэт зыплъыхьакIуэр (шыщхьэуIум и 8 - 9-хэм), «КАВКАЗ ФЕСТ» макъамэ фестивалыр (шыщхьэуIум и 15-м), «Ди Кавказ» гъуэгу къуейщIейхэм пхыкI турист фестивалыр (шыщхьэуIум и 21 - 23-хэм), «Къурш къабзэ» щIыуэпс акцэр (шыщхьэуIум и 28 - 29-хэм) - а псори «Iуащхьэмахуэ» курортым щызэхашэнущ.

Налшык щызэхэтынущ «Урысейм и ерыскъыгъуэ гурыхьхэр» фестивалыр (фокIадэм и 5 - 6-хэм), удз гъагъэхэм я фестивалыр, хъыршын гъэжьэнымкIэ чемпионатыр (шыщхьэуIум и 15 - 16-хэм), нэгъуэщI куэди. Абыхэм ятеухуа хъыбарегъащIэхэр нэхъ пасэу зэбграгъэхынущ.

Республикэм и Iэтащхьэмрэ министрымрэ нэхъ къытеувыIащ махуищкIэ екIуэкIыну, щIыпIэ быркъуэшыркъуэхэм пхыкI гъуэгуанэхэр зыхэтыну «Ди Кавказ» турист фестивалыр къызэгъэпэщыным. Ар къызэрагъэпэщ Урысейм и къэрал ныпым и махуэм и щIыхькIэ икIи ар шыщхьэуIум и 21-м къызэIуахынущ.

Абхъазым и утыкум щекIуэкIынущ Урысейм и щIыналъэхэм, лъэпкъхэм я дамыгъэхэр къызытещ автомобилхэм я парад, иужькIэ Белая Речкэ - Каменкэ жылэхэм яку дэлъ гъуэгуанэр зэпачынущ. Утыкум лъэпкъхэм я пщIантIэхэр къыщызэIуахынущ. ЕтIуанэ махуэм щэнхабзэ программэшхуэ хузэхалъхьащ, абы нэмыщI Шэрэдж щIыналъэм и бгылъэ лъагъуэхэм, аузхэм къыщакIухьынущ. Гъуэгуанэр пхыкIынущ Чегетджара щхьэдэхыпIэм. Хэкупсэ акцэ зэмылIэужьыгъуэхэр ирагъэкIуэкIынущ. КъыкIэлъыкIуэ махуэми Iуэху куэд къызэщIрагъэубыдэнущ, гуфIэгъуэ щытыкIэм итуи пшыхьыр зэхуащIыжынущ.

КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ апхуэдэ Iуэхушхуэхэр егъэкIуэкIыным министерствэ, IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэ куэд, муниципалитетхэмрэ творческэ зэгухьэныгъэхэмрэ къыхыхьэн зэрыхуейр. Къалэн нэхъыщхьэу къапэщытри Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщызыгъэпсэхухэм ар фIыкIэ ягу къинэжынырщ икIи хьэщIагъэкIэ фIы ди щIыналъэм къытрагъэзэжыныр я гуращэу я унэхэм кIуэжынырщ.



# Жылагъуэ транспортым къыхохъуэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэр набдзэгубдзаплъэу кIэлъоплъ жылагъуэ транспортым и лэжьыгъэр нэхъри егъэфIэкIуэным, цIыхухэр къезышэкI автобусыщIэхэр зыIэрыгъэхьэным. Жылагъуэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ а Iуэхугъуэм теухуауэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек MAX-м щиIэ напэкIуэцIым щетх:**

«УПСЭУН папщIэ Iэмалхэр» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ гъуэгухэм цIыхухэр къыщрашэкIыну трагъэувэну республикэм къахуащ «ПАЗ Вектор NEXT» автобусыщIэу 16. Ахэр трагуэшэнущ къалащхьэм и хьэблэхэр зэпызыщIэ гъуэгухэм. Автобусым тIысыпIэ 23-рэ иIэщ, псори зэхэту абы ихуэнущ цIыху 65-рэ. Къыхэгъэщыпхъэщ автобусыщIэхэр кондиционерхэмкIэ, зи узыншагъэм сэкъат иIэ цIыхухэм хуэщIа дэкIуеипIэхэри тIысыпIэхэри иIэу къызэрызэгъэпэщар.

Иджыпсту техникэщIэр «Налшык транспорт» IуэхущIапIэм и пщIантIэм дэтщ, гъуэгу техьэным хуагъэхьэзыру. Автобусхэр видеокIэлъыплъыныгъэкIэ къызэрагъэпэщ, ахэр ГЛОНАСС-м пыщIауэ щытынущ, гъуэгупщIэри, шоферыр умыгъэпIейтейуэ, терминалхэмкIэ нэхъ тыншу щыпхуэтыным хуащI. А псори къызыхуэтыншэу зэфIэха хъуа нэужь, автобусхэр гъуэгухэм трагъэувэнущ.

Абыхэм лэжьэн щIадзэмэ, шэч хэмылъу, къалащхьэм щыпсэухэр, абы и хьэщIэхэр къешэкIыным епха Iуэхухэр нэхъри ефIэкIуэнущ, гъуэгухэри нэхъ шынагъуэншэ хъунущ.

Апхуэдэ лэжьыгъэхэм дяпэкIи пытщэнущ».

# Хэхыныгъэхэм зыхуагъэхьэзыр

**«КъБР-м и Муниципальнэ щIыналъэхэм я совет» зэгухьэныгъэм (АСМО) и правленэм и зэIущIэ дыгъуасэ екIуэкIащ. Iуэхугъуэ нэхъыщхьэу абы зыщытепсэлъыхьар УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и ебгъуанэ зэхуэсыгъуэмрэ щIыпIэ унафэр зезыхьэ IэнатIэхэмрэ я депутатхэр хэхыным зэрызыхуагъэхьэзырырщ. Мы гъэм ар екIуэкIынущ фокIадэм и 18 - 20 махуэхэм.**



ЗЭIУЩIЭР къызэIуихащ КъБР-м и АСМО-м и правленэм и унафэщIым и къуэдзэ Кульбаев Алан. Абы хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм къэрал къуэщI политикэмрэ щIыпIэ унафэм ехьэлIа Iуэхухэмкlэ и управленэм и нэхъыщхьэ Хьэсанэ Аслъэн, КъБР-м и АСМО-м и гъэзэщIакIуэ унафэщI Маслов Николай, Май муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ, «Урысей зэкъуэт» партым и щIыпIэ къудамэу Май щIыналъэм щыIэм и секретарь Саенкэ Татьянэ, районхэм я щIыпIэ администрацэхэм я лIыкIуэхэр.

КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм и секретарь Сундиевэ Ксение жиIащ махуищым къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм хэхакIуэ кампаниеу 122-рэ зэрыщекIуэкIынур: 112-рэ - къуажэхэм, 7-р - жылагъуэхэм, 3-р - къалэ округхэм. Муниципальнэ хэхыныгъэхэм япкъ иткIэ, республикэм щагуэшынущ депутат мандату 1505-рэ.

2026 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щатха хэхакIуэхэм я бжыгъэр 552 885-рэ мэхъу. Иджы япэу IэIэтым хэтынущ цIыху 7055-рэ. IэIэтыр гъэхьэзырынымрэ егъэкIуэкIынымрэ къызэрагъэпэщынущ щIыналъэ комиссэу 13-мрэ (ТИК-м цIыху 93-рэ щылэжьэнущ) щIыпIэ хэхакIуэ комиссэу 354-м (УИК-м цIыху 2750-рэ). Зэрыхабзэу, къапэщылъ хэхыныгъэхэр зыхуей хуэзэу, нахуэу, шынагъуэншэу ирагъэкIуэкIын папщIэ, хэхыпIэхэр видеокIэлъыплъыныгъэ IэмалхэмкIэ къызэгъэпэщащауэ щытынущ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыналъэ политикэ парт 18 щыIэщ. Мы зэманым республикэм къыщызэрагъэпэщащ зы мандат хэхыпIэ округ №17-р. Абы зыщрагъэтхыну хунэсащ политикэ партихым къабгъэдэкI кандидатхэм: «Яблоко», «Урысей зэкъуэт», «Новые люди», КПРФ, «Захуагъэ здэщыIэ Урысей», ЛДПР, - жиIащ Сундиевэм.

Ар щхьэхуэу къытеувыIащ республикэм «Информ УИК» Iуэхур зэрыщагъэзэщIэнум. Абы ипкъ иткIэ, екIуэкIыну хэхыныгъэр зыхуэдэм, Iэ зыхуаIэтынухэмрэ зэраIэтыну щIыкIэмрэ щагъэгъуазэу, IэщIагъэлIхэм хэхакIуэхэм я унэхэр, фэтэрхэр къызэхакIухьынущ. УФ-м и ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, апхуэдэ Iэмалым и фIыгъэкIэ, Iэ зыIэтым и бжыгъэр проценти 8 - 10-кIэ нэхъыбэ мэхъу, унэм щIэсу Iэ зыIэтым хуэди 2,5-кIэ хохъуэ, апхуэдэуи хуэдищкIэ егъэмащIэ тхьэусыхафэхэр.

А Iуэхум республикэм и хэхыпIэ 354-ри хэтынущ, хъыбарегъащIэр цIыху 1428-м ирагъэкIуэкIынущ.

Къэпсэлъам зэрыжиIамкIэ, унэхэр къызэхакIухьын щIадзэнущ шыщхьэуIум и 20-м (фокIадэм и 13 пщIондэ екIуэкIынущ). Сундиевэм къыхигъэщащ фэтэр куэду зэхэт унэхэм лэжьакIуэхэр щIыхьэфыныр къызэгъэпэщыным ехьэлIауэ щIыпIэ администрацэхэм я дэIэпыкъуныгъэ ХэхакIуэ комиссэр зэрыхуэныкъуэр. «ЦИК-м и унафэкIэ, 2026 гъэм хэхыныгъэхэр зэрекIуэкIынум и хъыбарыр щхьэхуэу едгъэщIэн хуейщ IуэхущIапIэхэмрэ щIалэгъуалэмрэ. Апхуэдэ лэжьыгъэ IуэхущIапIэхэм щедгъэкIуэкIынущ шыщхьэуIум и 20-м щегъэжьауэ фокIадэм и 10 пщIондэ. ЕджапIэ нэхъыщхьэхэм - фокIадэм и 5 - 15-хэм къриубыдэу», - дыщIигъуащ къэпсэлъам. Абы районхэм я щIыпIэ администрацэхэм къыхуриджащ я щIыналъэхэм щылажьэ IуэхущIапIэ нэхъ инхэм хъыбарегъащIэ Iуэхур щрагъэкIуэкIыну.

Сундиевэм жиIащ хэхыныгъэхэм зыщыхуагъэхьэзыр лъэхъэнэр къэралым щытыкIэр къыщагъэтIэсхъэну щыхэт зэманым зэрытехуар, абы нэхъри жэуаплыныгъэшхуэ яхэлъыну къазэрыхуигъэувыр.

- КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм гулъытэ щхьэхуэ хуещI хэхыныгъэхэр шынагъуэншэу зэрекIуэкIынум ехьэлIа Iуэхухэм. Бадзэуэгъуэм и 9-м ди IуэхущIапIэм республикэм и хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр къедгъэблэгъащ. ЗэIущIэм дыщытепсэлъыхьащ хэхыныгъэхэр шынагъуэншэу къызэрызэдгъэпэщыну псоми. Мы гъэм ди мурадщ хэхыныгъэхэм кIэлъыплъакIуэ 800 хуэдгъэхьэзырыну. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и пщэрылъхэр егъэзащIэ, къапэщылъ хэхыныгъэхэр нахуэу, нэрылъагъуу, хабзэм тету екIуэкIын папщIэ. ХэхакIуэ псоми захудогъазэ 2026 гъэм фокIадэм и 18-м къыщыщIэдзауэ и 20 пщIондэ хэхыпIэхэм жыджэру къэкIуэну, я Iуэху еплъыкIэр къагъэлъэгъуэну, я хуитыныгъэхэр къагъэсэбэпыну», - дыщIигъуащ къэпсэлъам.

ЗэIущIэм щедэIуащ Бахъсэн районым хэхыныгъэхэм зэрызыщыхуагъэхьэзырми. Псоми жаIахэр къэлъытауэ, зэгухьэныгъэм пщэрылъхэр игъэбелджылащ.

*Тхыгъэри сурэтри* **БАГЪЭТЫР Луизэ** *ейщ.*

**● Пщэдей УхуакIуэм и махуэщ**



# УнэщIэхэр дращIей, лъэмыжхэр тралъхьэ

**Совет Союз къэрал абрагъуэр щыщыIа лъэхъэнэм къыщыщIэдзауэ абы хэта хэгъэгухэмрэ и курыхыу къекIуэкIа Урысей Федерацэмрэ зы илъэс къэмынэу шыщхьэуIум и етIуанэ тхьэмахуэ махуэм УхуакIуэм и махуэр щагъэлъапIэ.**

2026 гъэм зи гугъу тщIы махуэщIыр тохуэ шыщхьэуIум и 9-м. УхуакIуэм и махуэр ди къэралым зэрыщагIэтрэ мы гъэм илъэс 70 ирокъу.

Ухуэныгъэр - ар езыр сыт хуэдэ къэралми щIэупщIэ нэхъ щызиIэ, экономикэм и IэнатIэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ. УФ-м а унэтIыныгъэм щыпыщIащ къэралым лэжьыгъэ гуэр щезыхьэкIыу исым я процент 16-р.

УхуакIуэхэм а махуэм гулъытэ хэIэтыкIа яхуэзыщIыр абыхэм ядэлажьэхэмрэ я Iыхьлыхэмрэ я закъуэкъым, атIэ къэралым къулыкъушхуэ щызезыхьэхэми, зы илъэс къэмынэу, псалъэ дахэкIэ зыхуагъазэ.

Мыр я махуэщIщ ухуэныгъэм пыщIа дэтхэнэми. Псалъэм папщIэ, унэщIэхэр дэзыщIейхэм, лъэмыжхэр зэпкърызылъхьэхэм. Абыхэм ящыщщ лэжьакIуэ къызэрыгуэкIхэр, кран лъагэхэр зыгъэIэрыхуэхэр, бетон зэхэзыщIэхэр, арматурэм (гъущI зэрыхьэхIэм) хэзагъэхэр, блын джафэхэм теIэззэщIыхыхыжхэр, унэм лъэгу изылъхьэхэр, лэн-телъэщIэным хуэIэкIуэлъакIуэхэр, бригадирхэр, прорабхэр.

Унэхэр дэзыщIей гуп щхьэхуэхэм яхэмытми, а унэтIыныгъэм къыгуэхыпIэ ямыIэу толажьэ офис зэмылIэужьыгъуэхэм щIэсу проектхэмрэ сметэхэмрэ щызэхэзылъхьэхэр, ухуэныгъэм ехьэлIа дэфтэрхэмрэ тхылъымпIэ кIапэхэмрэ зыгъэхьэзырхэр, лэжьыгъэм мылъкурэ ахъшэу текIуэдэр къэзылъытэхэр, юристхэр. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, абыхэм яхэлъытапхъэщ ухуэныгъэм пыщIа архитекторхэри, инженерхэри, технологхэри. А псоми я дежкIэ УхуакIуэм и махуэр гулъытэ нэхъ зыхуащIхэм ящыщщ.

Илъэс 71-рэ ипэкIэ, 1955 гъэм фокIадэм и 6-м, УхуакIуэм и махуэр СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкIэ ягъэуващ. АбыкIэ жэрдэмыр зейуэ тхыдэджхэм къалъытэр Хрущев Никитэщ. А Iуэхум лIыщхьэр тригъэгушхуат Индыл (Волгэ) псышхуэм Жигулевскэ (Куйбышевскэ) гидроэлектростанцыр Iэзащэу зэрытращIыхьам. Мы ухуэныгъэр 1960 гъэ пщIондэ ди планетэм щынэхъ ин дыдэу къалъытат. Станцым и дэщIеиныр 1949 гъэм къыщIадзэри, 1955 гъэм яухащ, а илъэс дыдэми лэжьэн щIрагъэдзащ.

УхуакIуэм и махуэр япэу СССР-м щагъэлъэпIар 1956 гъэм шыщхьэуIум и 12-рщ. Нэхъ ин дыдэу ар щаIэтар къэралым и щыхьэрырщ. Къэдгъэлъагъуэмэ, Горькэм и цIэр зезыхьэ жыг хадэшхуэм цIыхухэр Iуву щызэхуэсат, адэкIэ-мыдэкIэ щрагъэувэкIа дапхъэ-гъэлъэгъуэныгъэхэм я деж щызэIущIэхэр щызэхъуэхъужрэ ерыскъы щIэщыгъуэкIи щызэдэгуашэу. А махуэм ипэ къихуэу, къэдгъэлъагъуэмэ, бадзэуэгъуэм и 31-м, Москва къыщызэIуахат «Лужники» стадионыр. Мыбы иращIэкIа дауэдапщэхэм а лэжьыгъэр зыгъэзэщIа ухуакIуэхэр, архитекторхэр, инженерхэр ирагъэблэгъат. Къинэмыщlауэ, а стадион дыдэм СССР-мрэ Китаймрэ футболымкIэ я командэхэр, зэныбжьэгъу щIыкIэм тету, щызэдагъэджэгуат.

Ауэрэ, илъэсхэр здекIуэкIым, къэралышхуэм хабзэ щыхъуат унэщIэхэмрэ нэгъуэщIкъинэмыщI ухуэныгъэщIэхэмрэ я къызэIухыныр УхуакIуэм и махуэм ирырагъэхьэлIэныр. Апхуэдэу ар хьэл яхуэхъуат къалэшхуэхэм щыщIагъ гъуэгухэр (метро) щызыухуэхэми. Псалъэм папщIэ, 1974 гъэм Москва и метром и станцхэу «Калужская», «Беляево» зыфIащахэр къыщызэIуахари а махуэрат. 1978 гъэм Харьков (иджы Украинэм и къалэ нэхъ инхэм ящыщщ) и метром хыхьэу «Салтовская линия» жыхуаIэм и япэ станцитхум лэжьэн щыщIрагъэдзари Урысей Федерацэм и Горькэ къалэм и метром 1987 гъэм «Автозаводская», «Комсомольская» зыфIаща и станцхэм я къызэIухыгъуэри УхуакIуэм и махуэм ирырагъэхьэлIат.

Къызэрыхэдгъэщащи, СССР-р лъэлъэжа иужькIи, мы махуэр гъэлъэпIэн щыщагъэтакъым къэралышхуэм хэта хэгъэгухэми, псалъэм папщIэ Белоруссиеми, КъыргъызымИ, Къэзахъстанми, нэгъуэщIхэми. Урысей Федерацэм и гугъу тщIымэ, федеральнэ мыхьэнэ щрату, ар гъэлъэпIэн щрагъэжьэжар 2011 гъэм къыщегъэжьауэщ.

2025 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щаухуа псэупIэ унэхэм хащIыхьа фэтэр мини 7-м нэблагъэм, псори зэхэту, метр зэбгъузэнатIэ мин 593-рэ къызэщIаубыдэ. Ар а унэтIыныгъэм пыщIа ди лэжьакIуэхэм абы ипэ ита илъэсым яхуэзэфIэкIам нэхърэ процент 17,3-кIэ нэхъыбэщ. Лъапсэ щхьэхуэ зратахэм е зиIэхэм я деж щыдращIеа унэщIэхэм я бжыгъэр, псори зэхэту, мини 3,1-м щIегъу. Къуажэхэм щаухуа унэхэм хэт пэшхэм, псори зэхэту, метр зэбгъузэнатIэ мин 303,8-рэ къызэщIаубыдэ. Ар проценти 6,9-кIэ нэхъыбэщ, 2024 гъэм зрагъэхъулIам елъытауэ.

2026 гъэм и япэ мазищым кърикIуам къызэригъэлъэгъуамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым ухуэныгъэ лэжьыгъэу щрагъэкIуэкIам, псори зэхэту, сом меларди 3,6-рэ ирагъэхьащ. Ар проценти 3,9-кIэ нэхъыбэщ 2025 гъэм кърикIуам нэхърэ.

Къыхэгъэщыпхъэщ, республикэм и экономикэм дежкIэ мы унэтIыныгъэми мыхьэнэ ин дыдэ зэриIэр, илъэс бжыгъэ хъуауэ гъуэгу тэмэм зэрыщыхишыр. Апхуэдэу, 2022 гъэм псэупIэ унэхэр дэщIеиным пыщIа лэжьыгъэхэм, псори зэхэту, сом мелард 34,5-рэ (2021 гъэм елъытауэ процент 18,2-кIэ нэхъыбэ) трагъэкIуэдамэ, 2023 гъэм а бжыгъэр сом мелард 37,9-м щхьэдэхащ (ипэ ита илъэсым елъытауэ проценти 5,9-кIэ нэхъыбэщ). Зи гугъу тщIы ухуэныгъэхэм хуэдэхэм: 2024 гъэм - сом мелард 43,6-рэ (2023 гъэм елъытауэ проценти 7,2-кIэ нэхъыбэщ), 2025 гъэм - сом мелард 45,8-рэ (ипэ ита илъэсым етлъытмэ, проценти 2-кIэ нэхъыбэщ) ирагъэхьащ.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

**● УФСБ-м къет**

## ХэщIыныгъэшхуэ къихьащ

**Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм къэлъыхъуэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыу къызэпаудащ Шэрэдж районым щыпсэум зэрихьэ хабзэншагъэр.**

ХАБЗЭМ ебакъуэри, абы газыр зэрыкIуэ бжьамийм электрогенератор Iэмэпсымэхэр пидзащ, криптовалютэр майнинг ищIын папщIэ къигъэсэбэпын мурад иIэу. Абы кърикIуащ сом мелуани 3-м щIигъу хэщIыныгъэ.

УФ-м и УК-м и 158-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ уголовнэ Iуэху къаIэтащ. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зылэжьар илъэси 10-м нэскIэ ягъэтIыс.

## Мы махуэхэм

**ШыщхьэуIум и 8,**
*щэбэт*

♦**Офтальмологием и дунейпсо махуэщ**

♦**Альпинизмэм и дунейпсо махуэщ**

♦**1942 гъэм** Зыхуэмыжэныгъэмкlэ Налшык комитетым унафэ ищIащ республикэм и къалащхьэм и къыдыхьэпIэхэм быдапIэхэр щаухуэну, щIытI лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIыну.

♦**2008 гъэм** Китайм и къалащхьэ Пекин къыщызэIуахащ XXIX гъэмахуэ Олимп джэгухэр. Алыдж-урым бэнэкIэмкIэ абы чемпион щыхъуауэ щытащ адыгэ щIалэ Хъущт Аслъэнбэч.

♦**1937 гъэм** къалъхуащ балетмейстер **Марыщ Заур**.

♦**1956 гъэм** къалъхуащ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и Парламентым и депутат **Къудали Мухьэмэд**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 31-рэ, жэщым градус 20 - 22-рэ щыхъунущ.

**ШыщхьэуIум и 9,**
*тхьэмахуэ*

♦**Тхылъыр фIыуэ зылъагъухэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Щалъхуа щIыналъэм щыпсэуж лъэпкъхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**1828 гъэм** къалъхуащ Кавказым и археолог, археограф, адыгэхэм куэдрэ ятетхыхьа **Берже Адольф**.

♦**1966 гъэм** къалъхуащ къэрал къулыкъущIэ, спортсмен Iэзэу щыта, дунейми Европэми самбэмкIэ я чемпион **Уэзы Мурат**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 29-рэ, жэщым градус 20 - 21-рэ щыхъунущ.

**ШыщхьэуIум и 10,**
*блыщхьэ*

♦**1921 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, щIэныгъэлI **Нало Ахьмэдхъан**.

♦**1929 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Емуз Гъузер**.

♦**1930 гъэм** къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, «Горянка» газетым и япэ редактор нэхъыщхьэу щыта **Сэбаншы Розэ**.

♦**1930 гъэм** къалъхуащ литературэдж, Дагъыстэным щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Ержыб Аслъэн**.

♦**1940 гъэм** къалъхуащ Сирием къикIыжа щIэныгъэлI, тхакIуэ **Къумыкъу Мамдухь**.

♦**1940 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Мызэущ Борис**.

♦**1948 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, тхакIуэ, «Адыгэ амазонкэхэр» тхылъыр зи IэдакъэщIэкI **Ахъмэт МуIэед**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 30, жэщым градус 19 - 21-рэ щыхъунущ.

**Къытхэхъуащ**

*Вэсэмахуэ* республикэм къыщалъхуащ сабий 27-рэ: 22-р хъыджэбз цIыкIущ, 5-р щIалэщ.

*Дыгъуасэ* - сабий 25-рэ: 9-р хъыджэбз цIыкIущ, 16-р щIалэщ.

*ШыщхьэуIум* зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабии 79-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 5336-рэ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Гъэмахуэ шылэм мылыр къещып.**


## Фыдогъэблагъэ!

**Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэ.**

**«Б» дивизионым и Япэ гуп.**
**ЕпщыкIубгъуанэ джэгугъуэ**
**«Спартак-Налшык» - «Ростов-2» (Сочэ)**
**Налшык. «Спартак» республикэ стадион.**
**ШыщхьэуIум и 8-м.**
**Сыхьэт 17-м.**

# Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТекIуэныгъэ лъагъуэхэмкIэ

**Тэрч районым хыхьэ Акъбащ Ищхъэрэ къуажэм иджыблагъэ щызэхэтащ «КъБР-м и ТекIуэныгъэ лъагъуэхэмкIэ» хэкупсэ лагерыр. Ар къызэрагъэпэщат щIыпIэ муниципальнэ районымрэ Тамбовскэ къуажэмрэ я администрацэхэм, КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэр я дэIэпыкъуэгъуу.**




ЛАГЕРЫР щрагъэкIуэкIащ Акъбащ Ищхъэрэ псыжапIэ Iуфэм - щIыпIэм и дамыгъэ щихуиплIым (илъэсищэ зи ныбжьхэм) я пэгъунэгъуу. Iуэхум хэтащ республикэм и щIыпIэ зэхуэмыдэхэм къикIа щIалэгъуалэ 40-м щIигъу. Абыхэм къапэщылът шэтырхэр ягъэувыну, зыгъэпсэхупIэхэр, пщэфIапIэр ягъэхьэзырыну. Ауэ щIалэгъуалэм зрагъэгъэпсэхун къудейратэкъым Iуэхур щIекIуэкIыр, атIэ гупу зэдэлэжьэфу, къалэнхэр зэхуагуэшыфу егъэсэнри абы хэлът.

«КъБР-м и ТекIуэныгъэ лъагъуэхэмкIэ» хэкупсэ лагерыр къызэгъэпэщыныр Тамбовскэ къуажэм и Iэтащхьэ КIэмпIарэ Беслъэн япэу игу къыщыкIар 2025 гъэм Калининград щекIуэкIа «Хэку цIыкIур Урысейм и къарущ» урысейпсо зэхы-хьэм хэта нэужьщ. А зэхуэсым ипкъ иткIэ, «Муниципалитетхэм туризм и лъэныкъуэкIэ зегъэужьынымкIэ щыIэ Iэмалхэр» зэIущIэр ирагъэкIуэкIат. ИужькIэ къалэмрэ Калининград щIыналъэмрэ я щIыпIэ дахэхэм хьэщIэхэр щыщагъэгъуазэм, тхыдэм и фэеплъ щIыпIэхэм ахэр зэрыхуэсакъыр гукъинэж ящыхъуащ. Апхуэдэу къуажэ Iэтащхьэр хуэкIуащ щалъхуа щIыпIэми апхуэдэ хэкупсэ Iуэху щыгъэзэщIэн зэрыхуейм.

Акъбащ Ищхъэрэм гулъытэ щхьэхуэ щиIэщ 1921 гъэм къуажэр къыщызэрагъэпэща илъэсым хасауэ щыта, лIэщIыгъуэкIэрэ къэгъуэгурыкIуа щихуиплIым. Ахэр Акъбащ Iуащхьэхэм ухуэзышэ гъуэгум и зэхэкIыпIэм щытщ. Абдеж шэтыр лагерыр щаухуэн ипэ къихуэу, къуажэдэсхэр зэрыгъэуIури, щIыпIэр ягъэкъэбзащ.

КъызэгъэпэщакIуэхэм я мурад нэхъыщхьэ хъуар Къэбэрдей ЦIыкIуми щIыпIэ дахэхэр зэрыщыIэм, абыхэм зэрызебгъэужьыфынум, зэIузэпэщ пщIы зэрыхъунум гу лърагъэтэнырщ.

Тэрч щIыналъэм мыпхуэдэ Iуэху иджы етIуанэу щызэфIагъэкI. Абы ипэкIэ «КъБР-м и ТекIуэныгъэ лъагъуэхэмкIэ» зэхыхьэм хэтахэр зэхуашэсауэ щытащ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъум ирихьэлIэу. Абы щыгъуэм Iуэхур щекIуэкIар Инарыкъуей къуажэрщ. Жылэм щIалэгъуалэр махуищкIэ щыIащ, тхыдэм зыщыхагъэгъуазэу.

Иджырей зэхыхьэм и япэ махуэм щIалэгъуалэр пщэдджыжьым ежьэри, 432-нэ лъагапIэ цIэрыIуэм лъэсу дэкIуеящ. Мыбдежращ 1942 гъэм и бжьыхьэмрэ щIымахуэмрэ советыдзэхэм мазищым щIигъукIэ щIыпIэр бийм Iэрамыгъэхьэу щаIыгъар. Тхыдэдж Опрышкэ Олег и «Боевые действия на территории Кабардино-Балкарии» тхылъым итщ 1942 гъэм и фокIадэм а джабэ нэкIухэм зэхэуэ хьэлъэхэр зэрыщекIуэкIар. ФокIадэм и 18-м абы увыпIэр щиубыдат 275-нэ фочауэ гупым и 328-нэ истребитель-танкым пэщIэт дивизион щхьэхуэм и взводым. 37-нэ армэм и политотделым къита хъыбарым щыжыIат Къалмыкъым щыщ, топым и командир сержант Манжиков Борис танк 30 хъу нэмыцэ колоннэм пэщIэту зэрыхэкIуэдар. ЛъагапIэм деж щыIэ къуэшыкхъэм сэлэт 51-рэ щыщIалъхьащ. Абыхэм я фэеплъым пщIэ хуащIыну лагерым хэтхэм километри 5-м нэблагъэ лъэсу зэпачащ. А гъуэгуанэр щIалэгъуалэм я зэфIэкIыр щагъэунэху къудейтэкъым, атIэ тхыдэр пщыгъупщэ зэрымыхъунум и дерст.

ЕтIуанэ махуэр зэIущIэ гъэщIэгъуэнхэмкIэ гъэнщIат. Тэрч районым и Юнармием и штабым и ветеранхэмрэ унафэщIымрэ абыхэм къаIущIащ. Нэхъыжьхэр нэхъыщIэхэм я гупсысэкIэ ядэгуэшащ, щIалэгъуалэр зыщIэупщIахэмкIи жэуап къаIэрыхьащ. Пщыхьэщхьэм щIалэгъуалэм къахыхьащ КъБР-м щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министр Лу Азэмэтрэ Тэрч районым и адми-нистрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Сенэ Маринэрэ. ХьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ ныбжьэгъугъэ я зэхуаку дэлъу зэпсэлъащ, щIалэгъуалэм чэнджэщ щхьэпэхэр иратащ. Пшыхьыр ягъэдахэу, Тамбовскэ къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм и лэжьакIуэхэм адыгэ джэгу зэхаублащ.

Лагерым щыIахэм хабзэхэмрэ щэнхабзэмрэ пщIэ зэрыхуэщIыпхъэр нэсу зыхащIащ, щыпсэу я щIыналъэр зэрызэкъуэтыр, узэрыгушхуэн фIыгъуэ куэд зэрыдиIэр ялъэгъуащ. Шэч хэлъкъым мы Iуэхум хэтахэр я лъахэ цIыкIум исхэм я лIыхъужьыгъэм зэригъэгушхуам. Абы щIэблэхэм я зэпыщIэныгъэр нэхъ куу ищIащ, я хэкупсагъэри игъэбыдащ. Ар псори дызэкъуэзыгъэувэ къарууэ зэрыщытыр нэрылъагъущ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

**Фи лъэIукIэ**

ПАЩIЭ Бэчмырзэ

## Псалъэ пэжищэ

**Индылыжькlэ зэджэр зы псынащхьэщ.**
**ТхьэщIагъкIэрэ зэджэ мэзышхуэр зы мыщхьэщ.**
**Уэгум щызеуэ бгъэшхуэр зы джэдыкIэщ.**
**ЦIыхум я нэхъыкIэр псалъалэщ.**
**Губгъэн зымыщIыр гъусэншэрщ.**
**ЦIыхур ныбжьэгъуншэмэ, дзыхь хуумыщI.**
**НыбжьыщIэм зигъэщIэращIэурэ мэбзэрабзэ.**
**Хъыджэбзым и бзэр IэфIмэ, дэхьэхакIуэщ.**
**ЩауэфIыр зэхэзекIуэмэ, цIэрыIуэщ.**
**ЦIыхубэм зи цIэ ираIуэр я лIыщхьэщ.**
**ФIыгъуэм я нэхъыщхьэр зэгурыIуэщ.**
**Iуэхум я нэхъ быдэр гухэлъ пэжщ.**
**Жэрыжьыр щыщIэмыкIыжкIэ, уемыуэ.**
**Бланэм узэреуэу псыхъуажэщ.**
**Бажэр ущу ежьэмэ, мэщакIуэ.**
**НыбжькIэ уздэмыкIуэфынур биижьщ.**
**ИжькIэ узыхуэмейри малъхъэунэгъущ.**
**Уи гъунэгъур бзаджэмэ, щIы хущынэ.**
**Iэнэр зыхуаухуэр лъагъуныгъэщ.**
**Дыгъэр зытемыпсэр щыIэжкъым.**
**Дакъэжь псыфыр бгъазэмэ, мэгъущ.**
**Пщышхуэр зекIуэ гъусэншэмэ, зы лIыхъусэщ.**
**Гуащэр унэIутыншэмэ, зы таучэщ.**
**Чеижьыр фадэм хуэнэщIмэ - мэгъущIэ.**
**ЛIыхъум и джатэ хъущIанэр мэхахуэ.**
**Хуарэр зыгъэIэдэжыр зекIуэлIщ.**
**Мы лIыгъэншэ гупым уахэмыхьэ.**
**Уи мыIыхьэ куэдым ущIэмыкъу.**
**ЦIыхур нықъуэкъуалэмэ, угъурсызщ.**
**ФызыфIыр уи акъылэгъумэ, уунэнщ.**
**Унэр зыгъэшэрыуэр унэгуащэщ.**
**Щэным я нэхъ IэфIыр тэмакъкIыхьщ.**
**Хьэлым я нэхъ дахэр нэмысщIэкъущ.**
**КъуэфIым адэ щIэинышхуэ хуэфащэщ.**
**ЩIэныгъэм я нэхъ пэжыр еджэнщ.**
**Джатэм я нэхъ жаныр уи фIыщIагъэщ.**
**Гъэрым уигу щIэгъуныр цIыху жыIэщ.**
**Iэнэм щытемылъыжкIэ, зы пхъэбгъужьщ.**
**Унэжьым щыщIэмылъыжкIэ, шэщыжь папщIэщ.**
**ХьэщIэр накIуэ-къакIуэмэ, угъурлыгъэщ.**
**Гъэм и бэвыр бгъуэтмэ, хэхъуэшхуэщ.**
**Адэ-анэ псалъэр пхъэщхьэмыщхьэщ,**
**хьэлу зыхэплъхьэну ар нэхъыфIщ.**
**ВыфIхэр щемыкъужкIэ, пыхуалэщ.**
**Благъуэр гъуэм къизыIур нэрыбгейщ.**
**Ешхуэм упэмыувмэ, укъэрабгъэщ.**
**Гъейм ухуэмыщIыныр унэхъулэщ.**
**ЦIыхум я нэхъ лъапIэр жумарт пэжщ.**
**Жаныжьхэр зыхуапсыхьыр бий лIыхъущхьэщ.**
**Хьэджафэр зраутIыпщыр хьэкIэкхъуэкIэщ.**
**ЩIыгум и цIыху икIабэм зыщыхъумэ.**
**Пхъумэным я нэхъ ищхьэр ныбжьэгъуфIщ.**
**ШуIэгъэфI уиIэныр насыпышхуэщ.**
**ГъащIэр къыпхуэупсэмэ - ар къыуитынщ.**
**Былымыбэ бгъуэткIэ умыпагэ.**
**Пагэм и блэкъуэблащхьэр къутэгъуафIэщ.**
**МафIэр къыпщIэнэныр гугъэкIуэдщ.**
**Гур зэрыкIуэдыкIыр и шэрхъщ.**
**ЩIэх узытекIуэдэнур акъыл пхэнжщ.**
**Жаныгъэм ухуэщхьэхмэ, удэхуэхынщ.**
**Пщащэр хуабжьу псалъэмэ, емыкIухьщ,**
**Хьэлу хэлъыну псом я нэхъыкIэщ.**
**ЦIыхум я нэхъыкIэр бзэгухьщ.**
**Iыхьэм я нэхъ дыджыр шэгынщ.**
**Унэ лъабжьэ щIэхыр цIыху мыдаIуэщ.**
**Щытхъур зымыIуэтэжыр фыгъуэнэдщ.**
**Пудыр бгъэпэшэныр къуаншагъэщ.**
**КъуанщIэхэм узыхуашэнур псэхэлIэлщ.**
**Мы блэ къуэлэныкIэр уи нысэгъущ.**
**Гъуэгыу къозыгъэкIухьыр уи тIуанэщ,**
**Уанэмыгъуэр теплъхьэмэ, ар уиIэнщ.**
**ЛIыхъужьыр Iэщэм пэIэщIэмэ, мэубзэ.**
**ХабзэфIхэр къызытрахыр нэхъыжь пашэщ.**
**Дахэр пасэу яшэмэ, мэутхъуэ.**
**Хъуэхъубэр зытепсыхэр фадэпIастэщ.**
**ЦIыхубэр зэкъуэтмэ, текIуэныгъэщ.**
**Губгъэн куэд къэзыхьыр щхьэзыфIэфIщ.**
**Дахэр фIэрэфIэныр лIы къашэщ.**
**ЛIыншэ фызабэр гиялэщ.**
**Уэлбанэ махуэр щIэпытхъщ.**
**Фызым я тхъэгъуэр къэб гъавэщ.**
**Фыз бзаджэр лIы гъэжьщ.**
**Фызым и фIыр лIы гъатхъэщ.**
**Бланэ щеуэр нэхущщ.**
**Зи шэрэзбзаджэр блэ фIыцIэщ.**
**Благъэжьым игу уеуэмэ, пфIокIуэд.**
**Удыныр зыхуэфащэр бзаджэнаджэрщ.**
**Уеджэмэ, къэзымыгъазэр напэншэщ.**
**Бзаджэр уи пэшэгъумэ, уи анэр гъынщ.**
**Емынэ унэкIэ зэджэр бгыкъуншэщ.**
**Лъахъшыншэ унэкIэ зэджэр лэгъунэщ.**
**Хьэвыр, бэлыхь дыдэщ жыпIэми, зы дзэпкъщ.**
**Сэшхуэм дзэ Iумытмэ, выуэчщ.**
**Фочым шэ имылъмэ, башыжьщ.**
**Джэдыр лъеймэ, мэтIыс.**
**Шыр бгы кIыхьмэ, мэзежэ.**
**ЦIыхубзыр дахэмэ, мэпагэ.**
**ИжькIэ къопэгэкIынур унэкъуэщыжьщ.**
**ИгъащIэкIэ узэмыуэнур уи фызщ.**
**Зэи умыбгынэнур благъэжьщ.**

***

**Умылэжьахэр пIуэтэжмэ,**
**Уи жагъуэ псалъэ къыуадзынщ,**
**Iуэху лъэпкъ хуимыIэу псалъаехэр**
**Е гугъуехь хьэлъэхэр бгъуэтынщ.**
**ЦIыхум хуэлэжьыр и гуащIэщ,**
**Уи щхьэр здэмыкIуэм умыхь.**
**Бэлыхь уимыIэр къэпхьыжмэ,**
**Хэт мысэ пщIынуэ уи гугъэр?**
**Бзэм имылэжьыр пкъым ишэчынкъым.**
**ЗыщIэжи - тыншу бгъэщIэнщ.**
**Щхьэщытхъур дыгъум икIэжщ,**
**Мыдыгъу дыгъуфэщи, пудыжьщ,**
**ЩIалэри жьыри щIэнакIэу**
**ИкIэм ауану мэлIэж.**

# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, шыщхьэуIум и 10

### Первый канал

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** Давай поженимся! (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ПАРМСКИЕ ФИАЛКИ»
**00.10** «Время героев» (16+)
**01.10** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### Россия 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ПЕРЕКАТИ-ПОЛЕ»
**00.45** Т/с «АННА МЕДИУМ» (16+)
**02.45** Т/с «БОГАТЫЕ ТОЖЕ ПЛАЧУТ» (16+)
**04.10** «Малахов» (16+)

### НТВ

**05.25, 08.25, 10.35** Т/с «ЛЕСНИК. СВОЯ ЗЕМЛЯ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.15** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «ДНК» (16+)
**16.45** Т/с «НЕВСКИЙ. ЧУЖОЙ СРЕДИ ЧУЖИХ» (16+)
**20.00** Т/с «НЕВСКИЙ. ЧУЖОЙ СРЕДИ ЧУЖИХ» (16+)
**22.10** Т/с «НЕВСКИЙ. ТЕНЬ АРХИТЕКТОРА» (16+)
**00.30** «Маска» (12+)
**04.05** «Главная дорога» (16+)
**04.30** «Первая передача» (16+)

### Звезда

**06.00** «Не факт!» (12+)
**06.30** «Вор» (16+) (Россия, 1997)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня
**09.20** Х/ф «ТРЕВОЖНЫЙ ВЫЛЕТ»
**11.10, 13.25** Х/ф «ВОЕННЫЙ КОРРЕСПОНДЕНТ» (16+)
**13.55, 15.05, 17.15** Т/с «ВСЕ СНАЧАЛА» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.40** «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
**22.05** Х/ф «ФАРТОВЫЙ» (16+)
**00.10** Х/ф «ТРЕВОЖНЫЙ ВЫЛЕТ» (16+)
**01.50** Х/ф «ОТЕЦ СОЛДАТА» (16+)
**03.20** Х/ф «БЕСПОКОЙНОЕ ХОЗЯЙСТВО» (16+)
**04.45** Х/ф «ГОСТЬ С КУБАНИ»

### Россия К

**06.30** Пешком...
**07.05** Легенды мирового кино
**07.35** Х/ф «ЦВЕТЫ ЗАПОЗДАЛЫЕ» (16+)
**09.15** Диалоги о животных
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30** Новости культуры
**10.15** Неизвестные маршруты России
**10.55** Х/ф «БРОНЗОВАЯ ПТИЦА»
**12.00** Д/с «Запечатленное время»
**12.45** Д/с «Коллекция Петра Шепотинника»
**13.25** Д/с «Предки наших предков»
**14.10** Х/ф «ЦЫГАНСКАЯ КЛЯТВА» (16+)
**15.00** Д/с «Отцы и дети»
**15.35** Прощай, ХХ век! Избранное
**16.15** Д/с «Человек и лодка»
**17.15** Д/с «Жизнь замечательных идей»
**17.45** Д/с «Свидетели времени»
**18.25** Т/с «СВЯТОЙ ПАИСИЙ. ИЗ ФАРАСЫ НА НЕБЕСА»
**19.45** Д/ф «История Преображенского полка, или Железная стена»
**20.30** Т/с «СЛЕДСТВИЕ ВЕДУТ ЗНАТОКИ» (16+)
**23.00** «Дачники на Бали, или «Асса» 30 лет спустя». Спектакль Театра на Бронной
**01.15** Прощай, ХХ век! Избранное
**01.55** Д/с «Забытое ремесло»

### Матч!

**06.00** «Лучшие из лучших» (12+)
**07.00, 09.00, 13.20, 15.55** Новости
**07.05** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05** «Специальный репортаж»
**09.25** «Специальный репортаж»
**09.55** Плавание. Чемпионат Европы по водным видам спорта. Прямая трансляция из Франции
**13.25** Есть тема! Прямая трансляция
**14.35** Фехтование. II Всероссийская спартакиада. Рапира. Мужчины. Прямая трансляция из Уфы
**16.00** Громко. Прямая трансляция
**17.20** Футбол. Альфа-банк. Российская премьер-лига. Обзор тура (6+)
**18.25** Матч! Парад (16+)
**19.00** Плавание. Чемпионат Европы по водным видам спорта. Прямая трансляция из Франции
**21.10** Все на Матч! Прямая трансляция
**21.45** Бильярд. BetBoom. Лига чемпионов. Прямая трансляция из Москвы
**23.20** Все на Матч! Прямая трансляция
**00.35** Футбол. Альфа-банк. Российская премьер-лига. Обзор тура (6+)
**01.40** Автоспорт. Чемпионат России. Игора Драйв. SMP Formula 4. Трансляция из Ленинградской области (6+)
**02.45** Автоспорт. Российская серия кольцевых гонок. Игора Драйв. Трансляция из Ленинградской области (6+)
**03.55** Новости (0+)

## Гъубж, шыщхьэуIум и 11

### Первый канал

**05.00** «Доброе утро»
**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** Давай поженимся! (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ПАРМСКИЕ ФИАЛКИ» (16+)
**00.10** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### Россия 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ПЕРЕКАТИ-ПОЛЕ» (16+)
**00.45** Т/с «АННА МЕДИУМ» (16+)
**02.45** Т/с «БОГАТЫЕ ТОЖЕ ПЛАЧУТ» (16+)
**04.10** «Малахов» (16+)

### НТВ

**04.55, 08.25, 10.35** Т/с «ЛЕСНИК. СВОЯ ЗЕМЛЯ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.15** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «ДНК» (16+)
**16.45** Т/с «НЕВСКИЙ. ТЕНЬ АРХИТЕКТОРА» (16+)
**20.00** Т/с «НЕВСКИЙ. ТЕНЬ АРХИТЕКТОРА» (16+)
**00.30** «Маска» (12+)
**03.55** Т/с «АГЕНТСТВО СКРЫТЫХ КАМЕР» (16+)

### Звезда

**05.50** Х/ф «ФАРТОВЫЙ» (16+)
**08.10, 09.20** Т/с «ВСЕ СНАЧАЛА» (16+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**13.25, 15.05, 17.15** Т/с «ПОД ЛИВНЕМ ПУЛЬ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.40** «Улика из прошлого» (16+)
**22.05** Х/ф «ВОР» (16+) (Россия, 1997) (16+)
**00.10** Х/ф «ХРОНИКА ПИКИРУЮЩЕГО БОМБАРДИРОВЩИКА» (16+)
**01.40** Х/ф «ОТРЫВ» (16+)
**03.05** Х/ф «ГОЛУБЫЕ ДОРОГИ» (16+)
**04.25** Х/ф «МАКСИМКА» (16+)
**05.40** «Москва фронту». Д/с (16+)

### Россия К

**06.30** Д/ф «Престольный праздник. День Николая Чудотворца»
**07.35** Т/с «СВЯТОЙ ПАИСИЙ. ИЗ ФАРАСЫ НА НЕБЕСА» (16+)
**08.45** Письма из провинции
**09.15** Диалоги о животных
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30** Новости культуры
**10.15** Неизвестные маршруты России
**10.55** Х/ф «ПОСЛЕДНЕЕ ЛЕТО ДЕТСТВА» (16+)
**12.00** Д/с «Запечатленное время»
**12.45** Д/с «Коллекция Петра Шепотинника»
**13.25** Д/ф «История Преображенского полка, или Железная стена»
**14.10** Т/с «СЛЕДСТВИЕ ВЕДУТ ЗНАТОКИ» (16+)
**15.35** Прощай, ХХ век! Избранное
**16.15** Д/с «Человек и лодка»
**17.15** Д/с «Жизнь замечательных идей»
**17.45** Д/с «Свидетели времени»
**18.25** Т/с «СВЯТОЙ ПАИСИЙ. ИЗ ФАРАСЫ НА НЕБЕСА» (16+)
**19.45** Д/ф «История Семеновского полка, или Небываемое бываетъ»
**20.35** Т/с «СЛЕДСТВИЕ ВЕДУТ ЗНАТОКИ» (16+)
**22.00** Опера Дж. Россини «Севильский цирюльник»
**00.35** Д/с «Человек и лодка»
**01.15** Прощай, ХХ век! Избранное
**01.55** Д/с «Забытое ремесло»
**02.10** Неизвестные маршруты России

### Матч!

**06.00** «Лучшие из лучших» (12+)
**07.00, 09.00, 12.45, 15.55** Новости
**07.05** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05** «Специальный репортаж» (12+)
**09.25** «По домам. Андрей Талалаев» (12+)
**09.55** Плавание. Чемпионат Европы по водным видам спорта. Прямая трансляция из Франции
**12.50** Есть тема! Прямая трансляция
**14.05** «Специальный репортаж» (12+)
**14.25** Фехтование. II Всероссийская спартакиада. Рапира. Женщины. Прямая трансляция из Уфы
**16.00** Все на Матч! Прямая трансляция
**16.55** Футбол. «Динамо-СПб» (Санкт-Петербург) - «ФК 10» (Москва). Fonbet. Кубок России. Прямая трансляция
**19.00** Плавание. Чемпионат Европы по водным видам спорта. Прямая трансляция из Франции
**21.45** Бильярд. BetBoom. Лига чемпионов. Прямая трансляция из Москвы
**23.20** Все на Матч! Прямая трансляция
**00.35** Смешанные единоборства. М. Гамрот - К. Салкиллд. UFC. Трансляция из США (16+)
**01.40** Автоспорт. Чемпионат России. Игора Драйв. SMP Formula 4. Трансляция из Ленинградской области (6+)
**02.45** Автоспорт. Российская серия кольцевых гонок. Игора Драйв. Трансляция из Ленинградской области (6+)
**03.55** Новости (0+)
**04.00** Скейтбординг. II Всероссийская спартакиада. Трансляция из Казани (6+)

## Бэрэжьей, шыщхьэуIум и 12

### Первый канал

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра»
**15.15** Давай поженимся! (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ПАРМСКИЕ ФИАЛКИ»
**00.10** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+))

### Россия 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ПЕРЕКАТИ-ПОЛЕ»
**00.45** Т/с «АННА МЕДИУМ» (16+)
**02.45** Т/с «БОГАТЫЕ ТОЖЕ ПЛАЧУТ» (16+)
**04.10** «Малахов» (16+)

### НТВ

**04.55, 08.25, 10.35** Т/с «ЛЕСНИК. СВОЯ ЗЕМЛЯ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.15** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «ДНК» (16+)
**16.45** Т/с «НЕВСКИЙ. ТЕНЬ АРХИТЕКТОРА» (16+)
**20.00** Т/с «НЕВСКИЙ. ТЕНЬ АРХИТЕКТОРА» (16+)
**00.30** «Маска» (12+)
**03.55** Т/с «АГЕНТСТВО СКРЫТЫХ КАМЕР» (16+)

### Звезда

**06.00** «Оружие Победы». Д/с (12+)
**06.15** Х/ф «ЧИСТОЕ НЕБО» (16+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня
**09.20, 13.25** Т/с «НОЧНЫЕ ЛАСТОЧКИ» (16+)
**14.05, 15.05, 17.15** Т/с «НОЧНЫЕ ЛАСТОЧКИ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.40** «Секретные материалы». Д/с
**22.05** Х/ф «ДАЧНАЯ ПОЕЗДКА СЕРЖАНТА ЦЫБУЛИ»
**23.50** Х/ф «ЕГОРКА» (16+)

### Россия К

**06.30** Пешком...
**07.05** Легенды мирового кино
**07.35** Т/с «СВЯТОЙ ПАИСИЙ. ИЗ ФАРАСЫ НА НЕБЕСА»
**08.45** Письма из провинции
**09.15** Диалоги о животных
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30** Новости культуры
**10.15** Неизвестные маршруты России
**10.55** Х/ф «ПОСЛЕДНЕЕ ЛЕТО ДЕТСТВА» (16+)
**12.00** Д/с «Запечатленное время»
**12.45** Д/с «Коллекция Петра Шепотинника»
**13.25** Д/ф «История Семеновского полка, или Небываемое бываетъ»
**14.10** Т/с «СЛЕДСТВИЕ ВЕДУТ ЗНАТОКИ» (16+)
**15.35** Прощай, ХХ век! Избранное
**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)
**20.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Мэрем, шыщхьэуIум и 14**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)
**20.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Щэбэт, шыщхьэуIум и 15**

*Лажьэркъым*

**Тхьэмахуэ, шыщхьэуIуми 16**

**13.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэм кърикубыдэ хъыбархэр»



● Пшыхьхэр



# АдыгэщIым и макъыр зэхыдох

**«Адыгэ дуней» лъэпкъ фондым къызэригъэпэщауэ, ЩIалэгъуалэм я унэм (Налшык дэтым) ХьэIупэ ДжэбрэIил и пшыхь щызэхэтыну хъыбар къыщысIэрыхьам сыщыгуфIыкIат. СщIэрт ар фондым и унафэщI ХьэцIыкIу Рае тэмэму къызэрызэригъэпэщынур, щIэ гуэр химылъхьэуи къызэримыгъэнэнур. Си гукъэкIыр нэхуапIэ сщыхъуащ IуэхущIапIэм и бжэр зэрыIусхыу. ПэIущIэ пэшышхуэм шэнтхэр щигъэувыкIат, экранышхуэ щытым и гупэр Iэхуитлъэхуитт, и лъэныкъуитIымкIэ цIыхуищым я тIысыпIэ иIэу... ЕзыгъэкIуэкIыр Рает, ХьэIупэм бгъэдэсыр и къуэш пэлъытэ ныбжьэгъуфI Хъурей Феликст.**



- ЗИ анэдэлъхубзэр фIыуэ зылъагъухэр, нэхъыфIыжу зыщIэну хуейхэр, и лъапIэныгъэр къызыгурыIуэхэр зэшэлIа хъуа иужь уохъу уэр-уэр, аращ пшыхьым «Дэр-дэру...» щIыфIэтщари. ХьэIупэ ДжэбрэIил хуэдэ зиIэ лъэпкъхэм абы и усэхэм, и гъащIэм, и гуащIэм нэхъыбэ щагъэгъуэзэну щIэхъуэпс мэхъу. Нобэ утыку къитхьэнури къызыхэкIар апхуэдэ зы хъуапсэщ, къезыгъэжьар, ар зигу къэкIар, и кIэм нэсуи зыгъэзэзэщIар Хъурей Феликсщ. Абы къилъытащ зэIэпытх хъууэ зыгуэр диIапхъэу, ДжэбрэIил и псэлъэкIэр, и адыгэбзэр абы къыхэщрэ, адыгэ цIыхур едэIуэн, абыкIэ бей хъун хуейуэ, - дыхигъэгъуазэу къыджиIащ зэIущIэр къыщызэIуихым ХьэцIыкIу Рае. - Аращ и щхьэусыгъуэр ДжэбрэIил езыр къеджэжу «ХьэIупэм и усищэ» зыфIэтща видео къыдэкIыгъуэр дгъэхьэзырыным. Зи псалъэмрэ зи гъуэгумрэ зэи темыкIыу къэгъуэгурыкIуа Феликс мурад ищIар зэщIэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу хъуащ киномрэ театрымрэ я артист Къанкъул Ислъам - видеохэр тезыхари зэзыгъэзэхуэжари аращ.

- Бзэмрэ гъащIэмрэ зэпхащ икIи зэщхьщ. Гу лъыдмытэурэ гъащIэм зыгуэр къыхохъуэ, зыгуэр хощI, бзэри аращ. Дрогумэщl ди щIэблэм ди бзэр зэрамыщIэжым. Гузэвэгъуэшхуэщ ар. ДжэбрэIил гукIэ, псэкIэ къегъэпсалъэ и дадэм и дадэжыр, аращ псалъэ псори къыщIыдгурымыIуэр, щIызэхэдмыщIыкIыр. ТфIэкIуэд бзэр зэхэпхыну, абы уегупсысыну, зэхэпщIыкIыну гъэщIэгъуэнщ. ДжэбрэIил федаIуэ. И усэхэм фыщIэдэIуа иужь, си псалъэм къыщIызгъунщ, - жиIащ Феликс псалъэ щратым.

Усэхэр, ДжэбрэIилрэ и ныбжьэгъухэмрэ я сурэтхэр, нэгъуэщIхэри гъуэрыгъуэурэ къызэрыщ экранышхуэм иджы усэбзэкIэ къопсэлъыкI езы ХьэIупэр. И купщIэкIи и IукIэкIи узыIэпызышэ, узыгъэтхытх усищ додаIуэри, дэр-дэру уэршэрыным къыпыдощэ.

- ХьэIупэм и усэхэр зэрыхъукIэ нэхъыбэм ялъэдгъэIэсыну, нэхъыбэм едгъэщIэну, адыгэбзэм и дахагъэр я нэгу щIэдгъэкIыну, едгъэхъуэпсэжыну куэд лъандэрэ, зэрытхузэфIэкIкIэ, дытолажьэ. ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм тIэунейрэ пшыхь щедгъэкIуэкIащ. АбыкIэ дэ ДжэбрэIил зыгуэр хуэтщIэу аракъым, атIэ дэ зыхуэтщIэжыну дыщIэхъуэпсу аращ. Жыжьэ дынэмысауэ, тщIар мащIэу къэтлъытэри, дыгупсысащ. Нобэ дызэхуэзышэса видеор делIалIэу тетхащи, фигу ирихьмэ ди гуапэщ. Абы зэхуэсыр щIетщIэкIыжыр сыт? Дыфщогугъ «Адыгэ дуней» лъэпкъ фондым VK-м щиIэ напэкIуэцIыр къызэIуфхыурэ, ДжэбрэIил и усэхэм федэIуэну, зымыщIэхэм яжефIэурэ щыгъуазэ фщIыну, фи унагъуэ кIуэцI щывгъэIуну, нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми факъыхуеджэну. Адыгэбзэр утыку къитшэжын папщIэ лэжьын хуей зы Iуэхугъуэщ ари, дыпэлъэщмэ, ди насыпщ, - жиIащ адэкIэ Рае.

ХьэIупэм хуащIа пшыхьхэм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ пажэхэр хэмыту, и усэхэм къыщемыджэу зэи къанэркъым. НэхъыжьыфIым и усэхэм дахьэх къудей мыхъуу, гъэIукIэ щхьэхуэ хузиIэж егъэджакIуэхэу Щомахуэ Дусэрэ Тэрчокъуэ Заретэрэ утыкум къэрашащ. Ахэр дахащэу усэ зырыз къеджа иужь, Дусэ кIэщIу тепсэлъыхьащ ДжэбрэIил и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ щыщу зыщыгъуазэхэм, езым и гум ешэкъылIэхэм икIи хъуэхъу дахэкIэ зыхуигъэзащ.

- АнитIым я къуэ ДжэбрэIил! Хъурей Феликс хуэдэу уи Iуэхур къэзыIэтын, «Шу закъуэ хуэрзалэ» тхылъыр зыгъэхьэзыру дунейм къытезыгъэхьа Рае, уи гуащIэр къагурыIуэу нобэ мыбдеж къыщызэхуэсахэм, къэмыкIуэфахэм хуэдэ цIыхухэр уиIэу, къыпкъуэту куэдрэ ди япэ уитыну си гуапэщ! - жиIащ абы.

- Сыкъызэджэну усэр едзыгъуэ цIыкIуищ фIэкIа хъуркъым, ауэ сыт хуэдэ талант къыплъыкъуэкIын хуей а сатыр пщIыкIутIымкIэ апхуэдиз гупсысэ къызэщIэпкъуэн щхьэкIэ, - къыхигъэщащ Тэрчокъуэ Заретэ къыхиха усэм къеджэн ипэ. - ЯпэщIыкIэ гъэм и зэманхэм я дахагъэм и гугъу ищIыну арауэ къыпщохъу. ЦIыхуу дунейм тетыр я теплъэр зэрызэмыщхьым хуэдэу, зэрызэхуэмыдэм урегъэгупсыс, иужьым ахэр къызэщIекъуэжри, цIыхур дунейм къыщIытехьар щыгъупщэ зэрымыхъунум, ар Хэкум, лъэпкъым хуэпэжын зэрыхуеймкIэ еухыжыф.

- Уэс къесым и санэхуафэм фыхэтыну фыхуеймэ, къуршыщхьэм зи щхьэр щызыгъеиж къыу закъуэм гущIэгъу хуэфщIынумэ, джыдэ куэщIым ихуа жыг къудамэм етIуанэр кIэлъыкIуэну фыхуэмеймэ, псэ къабзэ къупэщыпэм къигъуэтам, къиугъуеям фыхуейуэ, фыщIэхъуэпсу, фыфей фщIынумэ, ХьэIупэ ДжэбрэIил и усэхэм фыкъеджэ, - къыпищащ Заретэ и псалъэхэм Рае.

Утыкум къришащ къыкIэлъыкIуэ усэхэм къеджа егъэджакIуэхэу Нэзар Марьянэрэ ГъукIэпщокъуэ Iэсиятрэ. А тIум я усэ къеджэкIэр телъыджэщ, усэбзэм и IэфIыр Iум щызу зыхозыгъащIэщ. Iэсият хуэдэу псалъэри, макъамэри, гупсысэри щхьэхуэщхьэхуэ хуэдэу, абы щыгъуэми зэщIэжьыуэжу усэмкIэ къэзыIуэтэфыр мащIэ дыдэщ. Къеджэ къудейуэ къызэрымынэр и псалъэ къэс хыболъагъуэ абы, уэрэду узыщIегъэдэIури. Рае къыхигъэщащ абы и къеджэкIэр езы ДжэбрэIил и гумрэ и псэмрэ зэрыдыхьэр.

- ДжэбрэIил, бжьыхьэр къыпхуэкIуатэми, жьыгъэр къыпкIэщIэмыхьэу, уи ныбжьыр кIуатэми, уз зытумыгъакIуэу, нобэ лъэрызехьэу лъэпкъым и жьантIэм узэрыдэтым зыкIи хэмыщIу илъэс бжыгъэ куэд къыпхупищэну сыпхуохъуахъуэ. Уи гуащIэр лъэпкъым и фIыгъуэщ, и купсэщ, дэтхэнэ уи зы псалъэри ди чэнджэщэгъуфIщ. Нобэ тIэпыху ди анэдэлъхубзэм и псэщ уи адыгэбзэри, ди блэкIамрэ ди нобэрей гъащIэмрэ я лъэмыжу иджыри куэдрэ укъытщхьэщигъэт, - жиIащ Iэсият.

- ДжэбрэIил и усэхэм дыщедаIуэкIэ зэхэтхыр усэ къудейкъым, адыгэщIым и макъыр зэхыдох, бгыжьхэм я нэгу щIэкIауэ псалъэкIэ къыджамыIэфыр абыхэм я бзэр зыщIэ ДжэбрэIил тхуетхыж, ди гум къыщыпэщащэ псалъэу фащэ зыщыдмытIэгъэжыф гупсысэхэр къытхуеIуатэ. ДыщIыдихьэхыщэри арауэ къыщIэкIынщ, - жеIэ Рае.

АдэкIэ ДжэбрэIил и усэ къеджащ егъэджакIуэ Уэркъуасэ Ирэ, тележурналист Джэду Сэкинат сымэ.

ИщхьэкIэ зи гугъу тщIа видеом щыщ гуэрхэр пшыхьым щыIуами, къызэгъэпэщакIуэхэм нэхъ къащтащ езы ДжэбрэIил иджыпсту къеджэу дедэIуэну диIэ Iэмал щIагъуэр зыIэщэдмыгъэкIмэ нэхъыфIу. ИкIи захуагъэу ящIащ, сыту жыпIэмэ, ХьэIупэр и IэдакъэщIэкIхэм къызэреджэжым хуэдэу, езыми и жыIауэ, «уи щхъуэфэцыр дэтэджу» къызэхъулIэнур мащIэщ. И усэхэм дэщIыгъуащ гъащIэ гукъэкIыжхэри, гушыIэ дахэхэри, псалъэ хъуэрхэри. Апхуэмыдэу дауэ?! Ди пащхьэ къисыр зи IуэрыIуэдзыгъэкIэ, зи псалъэ жанкIэ, зи гупсысэ кууагъкIэ ди республикэми нэгъуэщI щIыпIэхэми фIыуэ къыщацIыху ХьэIупэ ДжэбрэIилщ! «Псори музыкэ-ращ зыхэлъыр. «Псалъэр щиухым и деж музыкэм къыщыщIедзэ», - жиIэгъащ Гёте. - Музыкэр зыдыхьэ «дурэшплIэрэшым» псалъэр зэи дыхьэфынукъым. Ар сэ фIыуэ сощIэ. Бзэм и дахэр аллитерацие жыхуэтIэм и дежщ здэщыIэр. Европей усэ гъэпсыкIэр адыгэхэм къагъэсэбэпми, зэщIэжьыуэр си псэм нэхъ йохуэбылIэ. Абы щыхьэт техъуэу тхылъыпхъэу стхам къыхэсхыжащ сонет щищрэ хыщIрэ плIырэ», - жеIэ зи псалъэр апхуэдизу жан композиторым (усакIуэу зыкъилъытэжыркъым ДжэбрэIил).

Ныбжь иIэ хъуа иужьщ ХьэIупэм и усэхэр, абы щыгъуэми тхылъ щхьэхуэу дунейм къыщытехьар, ари ХьэцIыкIу Раерэ Хъурей Феликсрэ я фIыгъэкIэ. ИгъащIэм зы захуагъэ ищIамэ ар етIуанэу къелъытэ ДжэбрэIил. Усэ и къалэмыпэм къыпыкIар Рае компьютеркIэ тридзауэ иIэщ, абыхэм къыхащыпыкIри «Iэгуауэншэ пшыхь» зи фIэщыгъэ и усэ тхылъыр къыдэкIауэ аращ. Пшыхьым зэрыщызыпхагъэIукIам тепщIыхьмэ, тхылъ 14 хуэдиз хъун щыIэщ тедзауэ, ауэ ДжэбрэIил яхутечыркъым, сыт хуэдизу трагъэгушхуэми, къыдигъэкIмэ щIэнэхъыфIым и щхьэусыгъуэ мин къыхуахьми. Ар нэхъ гъунэгъуу зыцIыху дэтхэнэри щыхьэт дызытехъуэфынуращи, игъуэу къимылъытауэ пхуищIэнуIакъыми, щIэх дыдэ и къыкIэлъыкIуэ усэ тхылъ дигъэлъагъуну тегушхуэну дыщогугъ.

- Фи бжэIупэм цIыху щыIухьэм и деж зэщIэдэIукIыжу, къыщыIукIыжкIэ зэплъэкIыжын укIытэу, а фи унэм щилъэгъуа телъыджэр и нэгум щIэту, фэри ар флъагъу зэпыту фи дунейр Тхьэм фигъэхь. Фи бжэщхьэIу цIыху небакъуэмэ гуфIэгъуэ нылIихьэу, къыщIэкIыжмэ «сыту си насып!» жиIэу гурыфIыгъуэ къыщIихыу фигъэпсэу. Сэ нобэ си насыпщ фэ фхуэдэ цIыхухэр зэрызиIэмкIэ. Фэ пщIэуэ къысхуэфщIар гуфIэгъуэу, дэрэжэгъуэу, гукъыдэжу къывитыж. А псор фиIэн папщIэ фызыхуейр сэ сызыщыщIэ закъуэращ - узыншагъэщ! - жиIащ ДжэбрэIил.

- ДжэбрэIил соупщI: «Макъамэм хыумыщIыкIыу щытамэ, мыпхуэдэ усэхэр пхуэтхынут?» «Хьэуэ, - жиIащ, - сымыкомпозитору щытамэ усэ зэхэслъхьэфынутэкъым».

Сабий ныбжьым имыкI щIыкIэ щIэблэм музыкэр Iэпэгъу хуэщIын хуейщ. Абы къыкIэлъыкIуэнущ адрей псори, ар дахагъэм, акъылым, гъэсэныгъэм я шэсыпIэщи. ДжэбрэIил хуэдэ цIыху, ди нанэ зэрыжиIэу щытам хуэдэу жысIэнщи, дуней Кавказым искъым. Апхуэдэ бзэ, IэщIагъэ, гупсысэ, пщIэ, лъэкIыныгъэ иIэу дунейм тет зыгуэр?! Итхахэм къадэкIуэу езым (зыгуэр зытх дэтхэнэми) и псалъалъэ иIэжын хуейуэ къызолъытэри, изоIуэкI абы елэжьыну.

«Езым ищIэн хуейм нэхърэ нэхъыбэщ лъэпкъым абы хуэтщIэн хуейуэ ди пщэ къыдэхуэр», - жиIащ етIуанэу псалъэ щратыжым Хъурей Феликс. ГушыIэ хуэдэурэ пэжым тригъащIэу къэпсэлъащ ар, ныбжьэгъугъэм, къуэшыгъэм къарууэ хэлъыр иджыри зэ зыхыдигъащIэу.

ЗэIущIэм и кIэухыу ЩIалэгъуалэм я унэм и лэжьакIуэу пшыхьыр къызэгъэпэщыным IуэхукIэ къыхэувахэм фIыщIэ ин яхуищIащ ХьэцIыкIу Рае, хьэщIэ кIуапIэрэ щIэблэ гъэгуфIэу IуэхущIапIэр диIэну зэригуапэри къыхигъэщащ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# ХъугъуэфIыгъуэ куэдым я гъэтIылъыпIэ

**Ди фIыр дымыгъэпудыну, ди Iейр дымыгъэпщкIуну илъэс пщIы бжыгъэ зыбжанэ хъуауэ дыкъыхуезыджэ икIи къыдэущие «Адыгэ псалъэ» газетым и мин 25-нэ къыдэкIыгъуэр дунейм къытехьакIэщ. Лъэпкъым зы щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэ иIэмэ, «Адыгэ псалъэр», шэчыншэу, абы хэлъытэн хуейщ. Газетым лъэкIар къыпхуэмыIуэтэну инщ: ар адыгэ псалъэм и пщIэр къэIэтыным, лъэпкъ гупсысэр узэщIыным, жылагъуэм и дуней лъагъукIэм зегъэубгъуным толажьэ. Дунейм къытехьа къыдэкIыгъуэ мин 25-м къагъэлъэгъуэжыр махуэкъэс къэхъугъэу адыгэ дунейм къыщекIуэкIахэм я закъуэкъым. Газетхэм яхэплъэгъуэнущ адыгэбзэм къикIуа тхыдэ гъуэгуанэр: къызэрыгуэкI жыIэкIэм и къупхъэм къикIыу тхыбзэ зэгъэпэщам и щапхъэм зэрыхуэкIуар, псэлъэкIэ зэмыщхьэр бзэм къызэрыхэхъукIар, IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм епха фIэщыгъэхэр зэрызэфIэувар, нэгъуэщI куэдри. ЖыпIэнуращи, «Адыгэ псалъэр» зэрыщыту тхыдалъэщ, арагъэнущ абы и хъугъуэфIыгъуэщыр зэгъэпэщыныр фIэкIыпIэ зимыIэ Iуэхугъуэу къыщIэтлъытэри.**

«Адыгэ псалъэ» газетым и архивыр зэгъэпэщыныр къызыхэкIар тхылъымпIэ къыдэкIыгъуэхэр зэуIу щIауэ зы щIыпIэм щызэхуэхьэсын хуей гупсысэм и закъуэкъым, атIэ лъэпкъым и тхыдэр зыхъумэ гуащIэдэкIыр мыкIуэдыжу къызэрызэтенапхъэми теухуащ. Илъэс бжыгъэхэм зи фэр гъуабжэ ящIа газетхэм я дэтхэнэ зыри къыпхуэнэн къудейр зихуэдэ щымыIэ фIыгъуэшхуэщ. ТIорысэ хъуа газетхэр къыщыпщтэкIэ, ахэр къыщыдэкIа лъэхъэнэм и акъужьыр къыплъэIэсу къыпщохъу, зэрытрадза щIыкIэм ущеплъкIэ, хьэрфыпкъ-хьэрфыпкъкIэрэ къыхахыурэ зэрыбым изылъхьа цIыхухэм яIа гузыхэщIэхэм уапкърышасэу къыпфIощI.

«Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм деж къыщызэдгъэпэщ архивым къызэщIикъуэну дыщогугъ 1921 гъэм къыдэкIыу хуежьа «Къэбэрдей Плъыжь» («Красная Кабарда») газетым къыщыщIэдзауэ ди нобэр къыздэсым дунейм къытехьа газетхэм я къыдэкIыгъуэ псори. УзэщIакIуэ гуащIэу хэлъыр къэгъэнауэ, лъэпкъ гупсысэм и зыужьыкIэ хъуар къэзыхутэжыну хуейхэм дежкIэ дэтхэнэ зыми мыхьэнэшхуэ зэриIэм шэч хэлъкъым.

Лъэхъэнэхэм я зэблэкIыгъуэм ирихьэлIэу дунейм къытехьа «Къэбэрдей Плъыжь» («Красная Кабарда») газетым и къыдэкIыгъуэхэр щыхьэт тохъуэ щIыналъэм тхыбзэм зыщиужьу, абы епха щэнхабзэр щызэфIэувэу зэрыхуежьам. Ауэ, нэхъыщхьэращи, япэ къыдэкIыгъуэхэм къыщыщIэдзауэ газетыр иужь ихьащ лъэпкъым и дуней лъагъукIэр утыку къызэрырихьэным, абы хэлъ щхьэхуэныгъэхэм цIыхухэр ирипсэлъэну Iэмал зэраритыным. Газетыр къэпщта нэужь, IупщIу хыболъагъуэ зыхэт дунейм и бзэкIэ ар цIыхубэм епсэлъэну зэрыхущIэкъур. ЖыпIэнуращи, иджырей лъэпкъ интеллигенцэм, щIэныгъэм, лъэпкъ щIэжым я лъабжьэ быдэщ газетым и зэхуэхьэсыгъуэхэр, ар илъэс пщIы бжыгъэхэм къриубыдэу журналистхэмрэ узэщIакIуэхэмрэ къалъыхъуа икIи къагъуэта иджырей Iуэху еплъыкIэ Iэджэми я ублапIэщ. «Къэбэрдей Плъыжьым» и къыдэкIыгъуэ куэд ди нобэхэм къэмысу кIуэдыжащ е гъуэтыгъуей дыдэ хъуащ. Къэнахэм трахა сурэтхэр архивым щызэхуэхьэсыныр «Адыгэ псалъэм» зыхуигъэувыж къалэнхэм ящыщщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр автоном областым и ГъэзэщIакIуэ комитет нэхъыщхьэм и Президиумым 1924 гъэм мазаем и 23-м къищта унафэм ипкъ иткIэ газетым и цIэр «Къэрэхьэлъкъ» («Карахалк») фIэщыгъэмкIэ зэрихъуэкIащ. Мы лъэхъэнэм лъэпкъыбзэр зытещIыхьауэ щытыну пэжырытхэмрэ нагъыщэ гъэувыкIэ хабзэхэмрэ зэфIэувэу, литературэбзэм и пкъыр къыхэжэбзыкIыу хуежьащ. ЩыIэкIэщIэм гурыIуэныгъэщIэ куэд къыздешэ. НэхъапэкIэ адыгэбзэм хэмыта псалъэ куэд щыIэкIэщIэм къыздихьащ. Газетым и лэжьакIуэхэр хущIэкъуурт гъащIэм уэру къыхыхьэ псалъэхэм я адыгэ жыIэкIэхэр къызэрагъуэтыным, зыпэмылъэщу бзэм къыхыхьэхэм адыгэ фащэ зэрыщатIэгъэным. «Къэрэхьэлъкъым» и фIыгъэкIэ щIэныгъэм, щэнхабзэм, гъуазджэм епха псалъэ куэд дыдэм адыгэ IукIэ ягъуэтащ. Пэжщ, политикэмрэ экономикэмрэ пыщIа псалъэхэм



я зехьэкIэ хъуным щхьэхуэныгъэ куэд яIэт, нэхъыбэр къызыхэкIа бзэм зэрыщызэрахьэм хуэдэу къэнат, ауэ иужьрей илъэсхэм лъэпкъ газетым и лэжьакIуэхэм абы и IуэхукIи къатенэ щымыIэу лэжьыгъэшхуэ зэфIахащ. 1925 гъэм и кум къыщегъэжьауэ 1930 гъэхэм я пэщIэдзэ пщIондэ къыдэкIыгъа «Къэрэхьэлъкъым» цIыхубэм я фIэщ ищIащ адыгэбзэм къаруушхуэ зэриIэр, абыкIэ къыпхуэмыIуэтэн гупсысэ зэрыщымыIэр.

Лъэпкъ газетым и цIэр «Ленин гъуэгу» жиIэу 1931 гъэм щызэблихъум, адыгэ тхыбзэр зытет тхэпкъылъэми зызэрихъуэкIащ: ар латин хьэрфхэм текIри, кирилл тхэкIэм техьащ. Мы илъэсхэм дунейм къытехьа газетхэм я къыдэкIыгъуэ зыбжанэ редакцэм и архивым хэлъщ. Дэ дыщогугъ ахэр иридгъэкъужыну, къыдэкIыгъуэ щыIахэр зэхэтлъхьэжыну. ДиIэ мащIэми къегъэлъагъуэ лъэпкъ газетым и напэкIуэцIхэр щIэныгъэм дяпэкIэ къыхыхьэну къэхутакIуэхэмрэ филологхэмрэ я гупсысэкIэхэмкIэ щызэдэгуашэ утыку щхьэпэ икIи купщIафIэ зэрыхъуар. Газетым и бзэм хэпщIыкIыу хэхъуащ, IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм епха фIэщыгъэ хъарзынэхэр къыхыхьащ. Адыгэбзэм хэт псалъэ куэдым етIуанэ мыхьэнэхэр ягъуэтурэ синонимиекIэ зэджэм зиужьащ, абыкIэ газетым бзэм зиужьыным хуищIа хэлъхьэныгъэри ин дыдэщ. Газетым и пщIэм зэрыхэхъуэм хуэдизкIэ бзэм и гуащIэми хэхъуэу, и зэфIэкIхэри нэхъыбэ хъуурэ 1930 гъэхэм екIуэкIащ. Арауи къыщIэкIынущ зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр къыщыхъуа блэкIа лIэщIыгъуэм адыгэбзэр хэмыкIуэдэжу къызэтезынари.

Редакцэм и архив гъэтIылъыгъэхэм ящыщу нэхъ ирикъуу хъума хъуар зи фIэщыгъэр 1934 гъэм зыхъуэжа «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» газет зэхуэхьэсыгъуэхэрщ. Иджыри къыздэсым газетым къыхуеджэныгъэхэмрэ щIыпIэхэм къыщыхъу хъыбархэмрэ нэхъ тегъэщIауэ щытамэ, мы къыдэкIыгъуэхэм къыщегъэжьауэ и псалъэ зэпыгъэувэкIэм, и къэIуэтэкIэм, зытепсэлъыхьыр цIыхухэм я деж нызэрихьэс щIыкIэм хэпщIыкIыу зехъуэж. Иджы газетым аналитикэр зыхэлъ тхыгъэхэр къытехуэу, екIуэкIым теухуауэ щыIэ Iуэху еплъыкIэ зэмыщхьэр къытрадзэу хуожьэ. Газетым цIыхубэр щIыпIэ дуней лъагъукIэм къытришурэ къэрал гупсысэкIэм зэрыхуишэнум толажьэ. Адыгэ щэнхабзэм ехьэлIа Iуэхугъуэ щхьэхуэхэм шэщIауэ ирипсалъэ, абыхэм я мыхьэнэмрэ гъащIэм къигъэув зэхъуэкIыныгъэхэм елъытауэ нэгъуэщIу зэрабгъэдыхьапхъэмрэ ехьэлIа тхыгъэхэр газетым къытехуэу хуожьэ. Мы лъэхъэнэрщ «джэрпэджэж» псалъэм мыхьэнэщIэ щигъуэтари: «Iэуэлъауэм къыпэIуж макъ» мыхьэнэр иIэу щытамэ, иджы абы къыхэхъуащ «тхыгъэкIэ къэIуэта хъуа е щыIэ еплъыкIэм къыпэувыж нэгъуэщI бгъэдыхьэкIэ» мыхьэнэри. Адыгэхэм я граждан икIи жылагъуэ зэхэтыкIэм и лъабжьэр а лъэхъэнэм гъэтIылъа хъуным и IуэхукIэ «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэрым» хузэфIэкIар мащIэкъым. Редакцэм и архивым хэлъ къыдэкIыгъуэхэм нэрылъагъу тщащI лъэпкъ гупсысэр къэIэтыным хуэунэтIауэ 1930 гъэхэм дунейм къытехьа адыгэ газетым лъэбакъуэшхуэ ичу, а Iуэхум хуэунэтIауэ иIэ тегушхуэныгъэми хэхъуэ зэпыту зэрыхуежьар.

Адыгэхэм тхыдэ гъуэгуанэшхуэ къызэрызэранэкIам, абыхэм щэнхабзэ лъагэкIэ узэджэ хъуну хъугъуэфIыгъуэбэ зэрабгъэдэлъым теухуа тхыгъэ хьэлэмэтхэр газетым нэхъыбэу къытехуэу щыхуежьэр и фIэщыгъэр 1944 гъэм зэрихъуэкIыу, «Къэбэрдей пэж» хъуа нэужьщ. Архивым хэлъ газетхэм уащыхэплъэкIэ, редакцэм и лэжьакIуэхэм я пащхьэ къалэн пыухыкIахэр къиува хуэдэу къыпщохъу: адыгэ жылэр зэкъуэгъэувэныр, зэпэщIэзыгъэкIуэт Iуэху еплъыкIэхэм зэщхьу хэлъхэр зэгъэуIуныр, я лъэпкъыщхьэм теухуауэ яIэ бгъэдыхьэкIэхэр зэщэлIэныр. Къыщригъэжьари «Нартхэр» адыгэ лIыхъужь эпосымрэ IуэрыIуатэмрэщ. Сыт щыIэн абыхэм хуэдэу лъэпкъыр зэкъуэзыгъэувэфын?! Газетым ищIа гукъэкIыр иужькIэ щIэныгъэхутэ институтхэм къыдащтэри, адыгэ гупсысэр къыщIэзыгъэушэ IуэрыIуатэ зэужь зыбжанэ дунейм къытехьащ. Мы лъэхъэнэхэрщ Нэгумэ Шорэ, Хъанджэрий СулътIан, Тамбий Пагуэ, Къэшэж ТIалиб, нэгъуэщI куэдым я цIэр утыкум къыщихьэжар. Ахэр адыгэхэм ирагъэцIыхужын, абыхэм я IэдакъэщIэкIхэр цIыхубэм хэпщэжын папщIэ, «Къэбэрдей пэжым» и лэжьакIуэхэм лэжьыгъэшхуэ кърахьэлIащ.

Лъэпкъ газетым и фIэщыгъэм 1957 гъэм зихъуэжри, «Ленин гъуэгу» цIэр игъуэтыжащ. Япэрауэ, къыхэгъэщын хуейщ архивым и гъэтIылъыгъэхэм къытхузэIуах журналистикэ дунейм фIыуэ зэрызиужьар. Нэхъапэхэм къыхуеджэныгъэхэр, хъыбар кIэщIхэр, узэщIакIуэ тхыгъэхэр нэхъыбэу къытехуэу щытамэ, иджы жылагъуэм и зыужьыныгъэхэм зи Iыхьэ хэзылъхьэ цIыху пэрытхэм ятеухуа очеркхэр, репортажхэр, интервьюхэр къытридзэу хуожьэ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, дэтхэнэ зы тхыгъэ лIэужьыгъуэми езым и псэлъэкIэ хэха иIэщи, абы и хъэтIми щхьэхуэу газетым зыщеужь. БлэкIа илъэс 30-м щIигъум, къэралым щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм елъытауэ, пропагандэ инхэр къызыщIэIукI, Iуэхугъуэ щхьэхуэхэм къыхуезыджэ тхыгъэхэр мымащIэу газетым ущрихьэлIэрт. Иджы газетым и лэжьыгъэр щэнхабзэ зыужьыныгъэм нэхъ триухуэ зэрыхъуар гъэтIылъыгъэхэм и къыдэкIыгъуэ псоми IупщIу къахощ. Мыр жыIэн хуейщ: лъэпкъыр зэрыгушхуэ щэнхабзэ Iуэхугъуэхэм я нэхъыбэм псыпэхэш хуэхъуар «Ленин гъуэгу» газетырщ.

Ауэ зыми хуэдэжкъым газетым «Адыгэ псалъэ» фIэщыгъэр зэрыратыжрэ и лэжьыгъэм игъуэта зыужьыныгъэр. ГазеткIэ деджэми, ар адыгэ гъащIэм и лъэныкъуэ куэд къызэщIэзыубыдэ лъэпкъ щIэнгъуазэ хъуащ. Къытехуэ тхыгъэхэм я фIэщыгъэхэм къыщегъэжьауэ зытепсэлъыхь Iуэхугъуэхэм щыщIэкIыжу къаIэтри къагъэлъагъуэри зэрыщыту адыгэм и мэ зыщыуа къэхъугъэщ. Шэч хэлъкъым, газетым лъэхъэнэм и ныбжьыр къытредзэ, щыIэныгъэм и пхъашагъри и щабагъри щызыхыбощIэ. Совет къэралыгъуэр къутэжу лъэпкъ мащIэхэм яIэ хуитыныгъэхэр нэхъыбэ щыхъужым, газетым къызэринэкIа илъэсхэр щIипщытыкIыжам ещхь хъуащ, адыгэ гъащIэм хэлъ дахагъэ псори зэрыщыт дыдэм хуэдэуи къиIуэтэнуи хьэкъ зыщищIыжащ. Ауэ узыпэрыувэ IэнатIэр ебгъэфIэкIуэн папщIэ, ар екIуу къозыгъэхъулIэн Iуэхугъуэ зыбжанэ зэфIэпхын хуейщ. Газетым и редакцэм щылажьэхэм къагурыIуэрт зэрылажьэ адыгэбзэм псыщIэгъэлъадэ хуэщIын зэрыхуейри, щIэныгъэлIхэм жыджэру ядэлажьэ, къыхалъхьэ псалъэщIэхэмкIэ ечэнджэщ, жыIэкIэ лIэужьыгъуэхэр къыхэхынымкIэ зэрыщIэ хъуащ. Илъэс зэхуэмыдэхэм «Адыгэ псалъэм» къытехуэу хуожьэ Урыс Хьэталий, Щэрдан Iэбу, Нало Заур, КъуэщIысокъуэ Нурхьэлий, Ержыб Аслъэн сымэ я тхыгъэхэр. Зи гуащIэдэкIкIэ адыгэхэм я Iулыджыр къэзылэжьахэм я тхыгъэхэр газетым къызэрытехуэм мыхьэнэ иIащ – абы Iэ тезыдзэхэм я бжыгъэм хэхъуэрт, къытехуэ тхыгъэхэм къыхуащI дзыхьыр нэхъыбэ хъурт. Адыгэ журналистхэм я зэфIэкIыр зрагъэгъуэта щIэныгъэм къыпызыщэ лъэбакъуэ зэрыхъур егъэджакIуэхэми гъэсэнхэми я зэхуэдэ ехъулIэныгъэти, акъыл зэхэдзэм цIыхубэм зыхалъхьэ щымыIэу пщIэ хуащIырт.

Иужьрей илъэсищэм адыгэбзэм лъэбакъуэшхуэ ичащ, зыужьыныгъэ хъарзыни игъуэтащ. КъызэрыгуэкI псэлъэкIэм къыщежьэри, тхыбзэ хъарзынэ зэригъэпэщащ адыгэбзэм. Абы и IуэхукIэ адыгэ газетым лэжьыгъэшхуэ кърихьэлIащ. Редакцэм щызэдгъэпэща архивым нэхъ щыхьэтыфI дэнэ къипхын?! Абыхэм къагъэлъагъуэ адыгэбзэр къэралым и Iэщэ лъэщу зэрыщытар, щыIэныгъэмрэ дунейпсо политикэмрэ хэлъ щхьэхуэныгъэ псори къызэриIуатэ хэкIыпIэу зэрызэрихьар. А гъэтIылъыгъэхэм яхыболъагъуэ цIыху гупсысэкIэм и кIыщу зэрекIуэкIар, сыт хуэдэ жьапщэ бзаджэ къыкъуэмыуами, абдеж щIэта гъукIэхэм адыгэбзэр зэрапсыхьар, ефIэкIуэн папщIи, я гуащIэ зэремыблэжар. Архив хъугъуэфIыгъуэхэм къахощ илъэсищэм къриубыдэу къыкIуэцIрыкIа адыгэбзэр изыудыфын къару зэрыщымыIэр, ар зыхэзыщIэм лъэкIыныгъэ хъарзынэхэр зэрызыIэригъэхьэфынур.

«Адыгэ псалъэ» газетыр лъэпкъым и пшапэIудзщ. Абы зыпещIэ хэкурыс адыгэхэри, зрешалIэ хамэщI щыпсэу ди лъэпкъэгъухэри. Архивыр зыхущыIэнури аращ – къыдэкIыгъуэхэр зы щIынырщ. Технологиемрэ бжыгъэрылъанэмрэ лъабжьэ зыхуэхъуну щыIэныгъэм хэтыну зи насып къихьа щIэблэм я къуэпсхэр къыщалъыхъуэжкIэ, зихуэдэ щымыIэ, дыщэм нэхърэ нэхъ лъапIэу блэкIа лъэхъэнэм я щыхьэт пэжу щыт архивым – лъэпкъым и хъугъуэфIыгъуэщым – гъунэгъу зыхуегъэщIынырщ, зэрыадыгэр ящызымыгъэгъупщэ фIыгъуэхэмкIэ ядэгуэшэнырщ. Адыгэр щыIэху, адыгэ псалъэри Iунущ, а псалъэр щызэпыува газетым и лъэщапIэри лэжьэнущ.

Редакцэм и архивыр къызэрыунэхурэ куэд щIакъым. Дыщогугъ лъэпкъыр зыщымыгъуазэ, зыщIэупщIэ хъугъуэфIыгъуэ куэдым ар я гъэтIылъыпIэ хъуурэ «Адыгэ псалъэр» къыщIилъыхъуэн щхьэусыгъуэхэм я зы хэкIыпIэу къыщIэкIыну.

**ТАБЫЩ Мурат**,
*«Адыгэ псалъэ» газетым и щIэныгъэ обозреватель.*




● Псалъэ пэжхэр

# Гугъэ нэпцIыр щхьэгъэпцIэжщ

♦Дыщэр дыщэ зыщIыр пщIэнтIэпсщ.
♦Гугъу уехьу къэблэжьыр IэфIщ.
♦Зи жьэ куэд жиIэм и Iэ куэд ищIэркъым.
♦Мыдэф и Iуданэ кIыхьщ.
♦НэрыIэзэ Iэпэзадэ.
♦Iуэху мыублэ блэ хэсщ.
♦Iуэхуншэ псэлъэрейщ.
♦Ахъшэ и куэдмэ, делэми, пщыщ.
♦Зи Iуэ былым из нэхърэ, зи щхьэ акъыл ит.
♦Изрэ ныкъуэрэ зэрыщIэркъым.
♦Дунейр къэкIухьи, уи унэ ихьэж.
♦Зауэм хэту джатэ хьэху ятыркъым.
♦Уи адэ и щIыпIэ гъэдахэ, уи анэ дахэу епсалъэ.
♦Уи нэ къеIэм и псэм еIэж.
♦Хьэрэ пэт и къуажэр ибгынэркъым.
♦Япэ умыуэ, къауэм ущымысхь.
♦Акъылыр жыжьэу маплъэ, нэр абы и лъагъуэм ирокIуэ.
♦Вы хъунур шкIэ щIыкIэ ящIэ.
♦ЖаIэ псор къэхъуркъым, къэхъу псор яIуатэркъым.
♦Зым и хущхъуэ зым и щхъухьщ.
♦Адыгэм я нэхъ тхьэмыщкIэри бысымщ.
♦Быным къыщхьэщыж хабзэкъым.
♦Гугъэ нэпцIыр щхьэгъэпцIэжщ.
♦Дахэм блэр гъуэм къреш.
♦Жьым еубзи, щIэр гъэгушхуэ.



● Шхыныгъуэхэр

## ШэкIэ щIа хъынкIэл хьэнтхъупс



Шыуаным псы щIыIэ ирагъэжыхьри, шэ иракIэ. ЗэIащIэурэ зэ къытрагъэкъуалъэ, шыгъу хадзэ, итIанэ зэIащIэурэ хъынкIэлыр хакIутэ. МафIэр щабэ ящIри, зэIащIэурэ хьэзыр хъуху ягъавэ. ХъынкIэл вар пэшхьэкум къытрахри, бжьын гъэлыбжьа традзэ, шкIэплъыпс тракIэ. ЩIакхъуэ е лэкъум дашх.

***Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):***

шэ щIэмыхуу - грамм 500, шыгъуу - узыхуеймхуэдиз,

*хъынкIэлым халъхьэхэр:*

гуэдз хьэжыгъэу - грамм 60, псыуэ - грамм 15, джэдыкIэ ныкъуэ, шыгъуу - узыхуеймхуэдиз,

*бжьын гъэлыбжьам:*

тхъууэ - грамм 20

*бжьыныщхьэ укъэбзауэ* - грамм 15, шыбжий сыр хьэжауэ - узыхуеймхуэдиз, шкIэплъыпсу - грамми 10.

## Мэжаджэ щIакхъуэ, пщагъэ хэлъу

Нартыху хьэжыгъэ ухуэнщIар тепщэчышхуэм иракIутэри псы шыугъэ къэкъуэлъакIэ япщ, бэлагъкIэ зэIащIэурэ. Ар и пщтырагъыр градус 30 - 35-м нэсыху ягъэупщIыIури, псы къэкъуэлъам щыщу къэна хуабэпцIым пщагъэри шыгъури хагъэткIухьри, нартыху хьэжыгъэ тхьэв пщам хакIэж. Гуэдз хьэжыгъэ хакIутэри, тхьэвыр зэхэзэрыхьыхукIэ IэкIэ япщ, хъыдан трапхъуэри, сыхьэтиплI-сыхьэтитхукIэ хуабапIэм щагъэтщ, къэтэджын щхьэкIэ. Хьэзыр хъуа тхьэвыр щэ дагъэ зыщыхуа тебэм и зэхуэдитIым къыфIэкIыу иралъхьэ, тхьэвыщхьэр захуэ ящI, тебащхьэр трапIэжри, абы и щхьэм яжьэ пщтыр тракIутэ, мафIэ дэпхэр тратхъуэжри, хьэзыр хъуху ягъажьэ зы сыхьэт нэблагъэкIэ. Мэжаджэ щIакхъуэр хуабэу Iэнэм трагъэувэ. Шатэ, шху дашх, къалмыкъ шей докIу.

***Халъхьэхэр:***

нартыху хьэжыгъэу - грамм 700, гуэдз хьэжыгъэу - грамм 300, псыуэ - грамм 400, пщагъэу - грамм 60, тебэщыхуэу, шыгъуу - узыхуеймхуэдиз.



**КЪУБАТИЙ Борис.**

● Фэ фщIэрэ?

## Къуалэбзухэм я цIэхэр

**Авдотка** - джэдкусэ, мэкъупIэджэд.
**Баклан** - хыбабыщ, хыпсыджэд.
**Барсучок** - бгъэнбзу.
**Дрозд** - бзугъуабжэ.
**Гайчка** - цIыжьдадэщхьэфIыцIэ.
**Белобровик** - бзуущхъуэнабдзэху
**Жаворонок малый** - уэгунэбзу.
**Зарянка** - бгъэмопэ, бгъэморэ, пшэплъхуэусэ.
**Зарянка кавказская** - пшэплъхуэусэ.
**Гайчка черноголовая кабардинская** - къэбэрдей къуршцIыжьдадэ.
**Дрозд белозобый** - бзуупцIэбгъэгуху.
**Бекас** - сыр-сыр, бзупэкIыхь, удыдж.
**Аист белый** - псыхэуэщIыбыпцIэ.
**Жаворонок полевой** - мэлыхъуэбзу, вэгъуэбзу.
**Аист черный** – къырпсыхэуэ
**Галка** - къуалэ, тщыды, шакъэ.
**Зеленушка** – бзуудзыфэ.

● Псалъэ шэрыуэхэр

## Емыса лэгъупэжь хъурэ?

***Дзы зиIэ и нэIэ щIэтщ.***

Зытешыныхь гуэр зиIэ цIыхур бэлэрыгъыркъым: абы а зытешыныхь дыдэр псоми я Iуэхуу къыщохъу.

***Емыса лэгъупэжь хъурэ?***

IэнатIэ, Iуэхугъуэ гуэрым къиигъэувыр ягъэзащIэу зэремысар, абыхэм зэрыхуэмышэрыуэр жаIэну щыхуеймрэ и деж къапсэлъ хабзэщ.

***Жыгыжьыр иту жыгыщIэр йобэт.***

«ЛIэныгъэр жьыгъэ-щIагъэкъым» жыхуиIэщ: жьы хъуар къанэу щIалэ дыдэри дунейм ехыжынкIэ мэхъу.

***Жьабэ нэхърэ шабэ нэхъ шэрыуэщ, шабэ нэхърэ жьабэ нэхъ губзыгъэщ.***

Мы псалъэжьым къикIыр, дэ къызэрыдгурыIуэмкIэ, узытеплъар къебгъэпсыхыфу шэрыуэ ухъун папщIэ, псалъэкъым узыхуейр – атIэ нэщанэ уеуэурэ зэрызебгъэсэн, шэ куэду уиIэн зэрыхуейрщ. Ауэ, сыт хуэдизкIэ лъэщу цIыхур шэрыуэми, абы и Iущагъыр къэзыгъэлъагъуэр къыжьэдэкI псалъэрщ.

***Мастэ гуапэщи, мастэ гуауэщ.***

ЦIыхум зытIэкIукIэ и гуапэ пхуэщIынущ, зытIэкIукIи и жагъуэ пхуэщIынущ.

***ПащIэм къимыхьар жьакIэм къихьыжыркъым.***

УщыщIалэм къыпхуэмылэжьар уи жьыщхьэ къыпхуэлэжьыжынукъым.

***Псы Iуфэм Iусым псы икIыпIэр ещIэ.***

Щхьэж езыр зэрыс, зыпыщIа щIыпIэм, абы къыщыхъу-къыщыщIэхэм нэхъ щыгъуазэщ, а щIыпIэм щымыпсэухэм е пэIэщIэу псэухэм нэхърэ.

**ЩАУЭ Къэлидар.**

# Псалъэзэблэдз




***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Пщэ гъум. **5**. Къэнжал хьэку цIыкIу. **7**. Унагъуэ Iэмэпсымэ: нэхъапэм абы и кIуэцIым дэп жьэражьэ иракIутэурэ къагъэплъырт, иджы зэрылажьэр токкIэщ. **8**. ХадэхэкI. **10**. Мылъэтэфми, Iэзэу бадзэ къеубыд. **11**. Хабзэм къемызэгъыу, уэрамыбгъур ... идзыпIэ ящIащ. **14**. Удзыр ... хъуащ. **15**. АдакъэщIэрэ ... пIастэрэ. **16**. Куэдрэ щыта махъсымэр зэрыта кумбыгъэм и лъащIэм къыщIонэ. **19**. Зи нэхэр кууэ ис цIыху. **20**. Нэмэз ...

***Къехыу:*** **2**. ЦIыху къызыхуэтыншэ, дагъуэ зимыIэ. **3**. Къуэш ... нэхърэ - ныбжьэгъуфI. **4**. Гъурцым къыпыкIэ пхъэщхьэмыщхьэ плъыжь гуащIэ цIыкIу. **5**. ... гъущэрылъэ фыз игъэплъа лIырэ. **6**. ... бзаджэ тIысыпIэншэщ. **9**. Щынафэм къыхэщIыкIа ... пыIэ. **10**. Гъэмахуэпэ мазэм гъэгъахэр гъуэжьу къызыпидзэ жыг пхъэ щабэ. **12**. Макъ ищIу, пкIэ-лъэуэ къэзыкIухь псэущхьэ цIыкIу. **13**. Iэпслъэпсым щыщщ. **17**. ... фызыжь. **18**. Гъущэ, псы зыщIэмытыж гуэр.

*Зэхэзылъхьар*
**САУТ СулътIанщ.**

***Бадзэуэгъуэм и 25-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Лъэужь. **3**. Удым. **7**. Къурэщ. **8**. ПщылI. **9**. ХощI. **12**. ЯщIэр. **13**. Нэгум. **17**. Зым. **20**. Анэм. **21**. Мыщэ. **22**. Узмэ. **23**. Iэтэ.

***Къехыу:*** **1**. Лъакъуэ. **2**. Унэм. **4**. Дыщэ. **5**. МалIэ. **6**. Пхуохъу. **10**. Iуэху. **11**. Хьэм. **14**. Щысу. **15**. Сату. **16**. Гъуэгум. **18**. ЩIыпIэ. **19** Iэнэ.

***ШыщхьэуIум и 6-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **4**. «Къэрэхьэлъкъ». **5**. Шал. **7**. Дол. **9**. Чыланий. **11**. Хъуран. **12**. «Хасэ». **15**. Изэ. **16**. Мэзыхьэ. **17**. «Пэж». **18**. Вы. **21**. Шэрэдж. **23**. Дым. **24**. Хьэту. **26**. КIэщт. **27**. Къат. **28**. Маринэ. **30**. Мы. **32**. Шыпси. **33**. «Малъхъэдис». **35**.Раисэ. **36**. Гугъуэт.

***Къехыу:*** **1**. Тэрч. **2**. ЩIэблэ. **3**. Къэхъун. 5. Ширдий. **6**. ЛантIэ. **8**. Лэскэн. **10**. Исхьэкъ. **12**. Хы. **13**. Емыш. **14**. Фырэ. **19**. Шы. **20**. Гъут. **22**. Джатэ. **23**. Дал. **24**. Хьэмыщэ. **25**. Бахъсэн. **26**. КIэпхъ. **29**. Шыхъуэ. **31**. Уд. **34**. Алик. **36**. Гум.



# Темыркъаным и пшыхьхэр

**КъБР-м и Музыкэ къэрал театрым мы махуэхэм щызэхуащIыжащ симфоние музыкэмкIэ «Темыркъаным и пшыхьхэр» фестивалыр. Ар къызэрагъэпэщащ СССР-м, РСФСР-м, КъБР-м я цIыхубэ артист, Совет Союзымрэ Урысей Федерацэмрэ я къэрал саугъэтхэм я лауреат, Санкт-Петербург щIыхь зиIэ и цIыху, а къалэм и филармонием и Академическэ симфоние оркестрым и художественнэ унафэщIу щыта дирижёр цIэрыIуэ Темыркъан Юрэ и фэеплъу. Iуэхур КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм къызэригъэпэщащ, УФ-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэр и дэIэпыкъуэгъуу.**

ЗЭРАУБЗЫХУАМ тету, налшыкдэсхэмрэ ди хьэщIэхэмрэ гъэ къэс зэхуэзышэс мы фестивалыр бадзэуэгъуэм и кIэхэм ирагъэжьащ икIи шыщхьэуIум и пэхэм пщIондэ екIуэкIащ. Iуэху гуапэм хыхьэу къызэрагъэпэща пшыхьхэм цIыхушхуэ зэхуашэсащ икIи щIэщыгъуэ ящыхъуащ.

Музыкэ театрым и пэIущIэ пэшым щагъэуват Темыркъаным и гъащIэмрэ гуащIэмрэ теухуа тхылъхэмрэ сурэтхэмрэ.

Концертым и программэм хыхьэу къагъэлъэгъуэжащ маэстрэм и архивым щыщу яхъумэ концертхэм, Санкт-Петербург къалэм Шостакович Дмитрий и цIэр зезыхьэ и филармонием и Академическэ симфоние оркестрым ита концертхэм щыщ. Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и щIыхькIэ Налшык иIэ утыкум махуитIым къриубыдэу щагъэлъэгъуащ Темыркъан Юрэ и концертхэу дэфтэр хъумапIэхэм щIэлъхэм щыщ. Классикэ макъамэ фIыуэ зылъагъу къалэдэсхэм щIэщыгъуэ ящыхъуащ ахэр.

Музыкэ къэрал театрым и утыкум зыкъыщагъэлъэгъуащ Темыркъан Юрэ илъэс 35-кIэ и унафэм щIэта, Санкт-Петербург къалэм Шостакович Дмитрий и цIэр зезыхьэ и филармонием и Академическэ симфоние оркестрым. Япэ пшыхьым и дирижёру щытащ дунейпсо зэпеуэхэм я лауреат Забояркин Ярославрэ КъБР-м и Музыкэ къэрал театрым и дирижёр нэхъыщхьэ Лэкъун Азэмэтрэ. Фестивалым и етIуанэ махуэм концертыр ирагъэкIуэкIащ дунейпсо зэпеуэм и лауреат Ньягэ Алексейрэ Лэкъун Азэмэтрэ. Концертыр ягъэдэхащ УФ-м и цIыхубэ артист Клычков Лев, концертмейстерхэу Козлов Илья, Рыжков Евгений, виолончелистхэу Зубарёв Никитэрэ Измайлов Ильярэ, кларнетист Лютиков Никитэ, флейтэ еуэ Тертычная Олеся. Куэдым ягу дыхьащ хыхьэу ягъэзэщIа, КъБР-м и цIыхубэ артист Растеряев Игорь и «Къэбэрдей къафэр». Урыс, хамэ къэрал композитор куэдым я IэдакъэщIэкIхэм щыщ концертым зэрыщыIуам пшыхьыр ягъэбеящ, щIэщыгъуи ящIащ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



# ГъэщIэгъуэн ящыхъуу

**Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм и лэжьакIуэхэм я сабийхэр хэтащ я анэхэмрэ адэхэмрэ я IэщIагъэр езыхэм «зыщрагъэпща» зэIущIэм. Абыхэм зыщаплъыхьащ Къэрал автоинспекцэм и республикэ управленэм.**

ХЬЭЩIЭ ныбжьыщIэхэм къаIущIащ Гъуэгу плъыр къулыкъум и батальон щхьэхуэмрэ шынагъуэншэу зекIуэным и хабзэр яхэпщэнымкIэ къудамэмрэ я унафэщIхэр, - къет республикэ МВД-м и пресс-IуэхущIапIэм.

НыбжьыщIэхэм хьэлэмэт ящыхъуащ плъырхэр зэрылажьэ машинэхэр. Абыхэм техникэр гъунэгъуу зэпаплъыхьам и мызакъуэу, Iэмал яIащ рулым бгъэдагъэтIысхьэу инспектору закъыщыхъужыну. Ахэр спорт пэшми щIашэри я зэфIэкIыр здынэсыр къапщытати, зэрыкъарууфIэр къагъэлъэгъуащ.

АдэкIэ зыщаплъыхьащ Эксперт-криминалист центрым. ЛэжьакIуэхэм ахэр зэпкърыхауэ щыгъуазэ ящIащ я къалэнхэм.

Мыпхуэдэ зэIущIэхэр сабийхэм я дежкIэ Iэмал гъуэзэджэщ я адэ-анэхэр щылажьэр ялъагъуным и мызакъуэу, къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм къалэн щепхьэкIыныр мыхьэнэшхуэ зиIэ икIи жэуаплыныгъэ зыпылъу зэрыщытыр къагурыIуэнымкIэ.

**БАХЪСЭН Ланэ.**

● Футбол

# Джылахъстэнейхэм бжьыпэр яубыдыж

**Щэбэтымрэ гъубжымрэ и хьэрхуэрэгъу лъэщхэм я деж кIуауэ, зэкIэлъхьэужьу ятекIуэри, Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гъэмахуэ зэхьэзэхуэм бжьыпэр щиубыдыжащ «Тэрчым».**

ИУЖЬРЕЙ джэгугъуитIым къащыпэщIэтахэм топ 22-рэ щахудагъэкIарэ я гукъыдэжыр иню ирихьэлIащ «Тэрчым» и футболистхэр я нықъуэкъуэгъу нэхъыщхьэ «Логоваз»-м Къэщкъэтау щыдрагъэкIуэкIа зэIущIэм. Мы зэхьэзэхуэм къыщыхагъэщIа зэIущIэ закъуэр джылахъстэнейхэм зэраIэужьым псэхугъуэ къезымыт бабугентдэсхэри бэнэныгъэ гуащIэм хуэхьэзырт. Арати, икъукIэ удэзыхьэх, къикIуэт здэщымыIэну зэпэщIэувэныгъэ ткIий зэрыщыIэнур хэт и дежкIи гурыIуэгъуэт. Абы къыхэкIыу топджэгум дихьэххэр куэду щызэхуэсат Къэщкъэтау и стадионым. Тэрч щIыналъэм къикIахэри мащIэтэкъым.

Джэгур хуэсакъыпэурэ лъэныкъуэхэм къыщIадзащ. КъагурыIуэрт дэтхэнэ зы щыуагъэми и мыхьэнэр икъукIэ зэрыиныр. Абы къыхэкIыу я гъуэр нэхъ къызэрырагъэбыдэкIынуми хущIэкъурт.

Хуэмурэ хэгъэрейхэм тепщэныгъэр джэгупIэ губгъуэм щаубыдащ. Ахэр нэхъыбэрэ ебгъэрыкIуэрт, бжыгъэр къызэIуахынуи Iэмалхэр щIэх-щIэхыурэ къахукъуэкIырт. АрщхьэкIэ къащехъулIар зэIущIэм и япэ Iыхьэр щиух дыдэрщ - 43-нэ дакъикъэм Байкишиев Марат къыхэжаныкIащ.

Загъэпсэхуу къихьэжа иужькIи «Логоваз»-м тепщэныгъэр зыIэщIигъэкIакъым. Аращ зи фIыгъэр Агаев Руслан 67-нэ дакъикъэм бабугент щIалэхэм я ефIэкIыныгъэр зэрыбэгъуар.

«Тэрчым» и Iуэхухэр хэплъэгъуэ дыдэ хъуат. Мы зэIущIэм къыщытекIуэмэ, «Логоваз»-р щыIэщIэкIынкIэ шынагъуэт чемпион зэныкъуэкъуныгъэм. А щытыкIэм джылахъстэнейхэр быдэу зэкъуигъэуващ икIи къарурэ зэфIэкIыу яIэр абыхэм ирахьэлIащ джэгур кърагъэлын папщIэ.

Иужь дакъикъипщIыр икъукIэ гуащIэт, ауэ хьэщIэхэм я мурадхэр зрагъэхъулIэфащ. ЯпэщIыкIэ Пщыншэ Аркадий къыхэжаныкIри, «Тэрчым» и гугъэхэр къигъэщIэрэщIэжащ. Мыгувэу Джэрыджэ Руслан кIэух бжыгъэр 2:2-м хуигъэкIуащ.

Джылахъстэнейдэсхэр абыкIэ арэзыт: я хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэр зыIэщагъэкIакъым икIи, къэнэжа зэIущIэ псоми тIури щытекIуэрэ я очко бжыгъэр зэхуэдиз хъуми, «Тэрчыр» япэ ирагъэщынущ, езыхэр щызэIущIам «Логоваз»-м зэм зэрефIэкIам (1:0-у) адрейм зэрытемыгъэкIуауэ зэрызэбгъэдэкIыжам къыхэкIыу. Топ дагъэкIахэмрэ къыхудагъэкIахэмрэ зэрызэхущытри джылахъстэнейхэм я дежкIэ хэпщIыкIыу нэхъыфIщ.

Къэщкъэтау икIыжри ещанэ махуэм «Тэрчыр» «Малка»-м и деж кIуащ, ягъэIэпхъуауэ щыта зэIущIэр ирагъэкIуэкIыжыну. Ари хьэрхуэрэгъу тынштэкъым, очкоиплIкIэ фIэкIа къыкIэрымыхуу ещанэ увыпIэм зэрыщытыр къэплъытэмэ.

Балъкъ Iуфи зэпэщIэтыныгъэр щыгуащIащ. Джылахъстэнейм къикIахэр малкэдэсхэм икъукIэ къыхагъэзыхьащ. АрщхьэкIэ, джэгум и кIэухым хэгъэрейхэр МыгъуэлI Нурбий пэлъэщыжакъым. 69-нэ, 76-нэ дакъикъэхэм абы дигъэкIа топхэм «Тэрчым» текIуэныгъэр 2:0-у къыхуихьащ икIи чемпионыгъэм хуэзышэ гъуэгур къыхузэIуихащ.

Иужь зэIущIэм къыщыхэмыжаныкIыфами гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр зэрыщиIыгъщ Мокаев Таулан. «Логоваз»-м и пашэм мы гъэм топ 21-рэ дигъэкIащ. «Малка»-м щыджэгу Умар Азэмэт абы къыкIэлъокIуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2026 гъэм и гъэмахуэ зэхьэзэхуэм и зи чэзу джэгугъуэм кърикIуа бжыгъэхэм адэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ: **«Логоваз» (Бабугент) - «Тэрч» (Тэрч) - 2:2**, **«Искра» (Альтуд) - «7 Вершин-Шалушка» (Щхьэлыкъуэ) - 7:0**, **«Яникой-1961» (Яныкъуей) - «Ислъэмей» (Ислъэмей) - 3:4**, **«Псыкуэд-Марвил» (Псыкуэд) - «Урыху» (Урыху) - 1:1**, **«Бедик» (Аргудан) - «Черкес» (Шэджэм) - 1:2**, **«Малка» (Малкэ) - «Спартак-Д» (Налшык) - 2:0**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр дызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэм- рэ зэхэтынущ. А махуэхэм зэIущIэн хуейщ: *шыщхьэуIум и 8-м* - «Черкес» - «Малка», «Урыху» - «Бедик»; *шыщхьэуIум и 9-м* - «Спартак-Д» - «Яникой-1961», «Ислъэмей» - «Искра», «7 Вершин-Шалушка» - «Логоваз», «Тэрч» - «Псыкуэд-Марвил» командэхэр.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

### Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2026 гъэм гъэмахуэ зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. **«Тэрч»** | **15** | **13** | **1** | **1** | **74-10** | **40** |
| 2. **«Логоваз»** | **15** | **13** | **1** | **1** | **49-16** | **40** |
| 3. **«Малка»** | **15** | **11** | **0** | **4** | **43-21** | **33** |
| 4. «Ислъэмей» | 15 | 10 | 1 | 4 | 49-20 | 31 |
| 5. «Спартак-Д» | 15 | 9 | 1 | 5 | 44-26 | 28 |
| 6. «Урыху» | 15 | 7 | 1 | 7 | 39-32 | 22 |
| 7. «Искра» | 14 | 6 | 0 | 8 | 47-39 | 18 |
| 8. «Яникой-I96I» | 15 | 5 | 1 | 9 | 28-73 | 16 |
| 9. «Черкес» | 15 | 3 | 1 | 11 | 21-57 | 10 |
| 10. «Псыкуэд-Марвил» | 15 | 2 | 3 | 10 | 26-59 | 9 |
| 11. **«Бедик»** | **14** | **2** | **1** | **11** | **22-51** | **7** |
| 12. **«7 Вершин-Шалушка»** | **15** | **1** | **3** | **11** | **26-64** | **6** |

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-20-88; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.091 • Заказыр №1674

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинрым и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А